


KRISTU ANOZARURWA

MUSHOKO RAKE OMENE

 Ngatikotamisei misoro yedu. Ishe Jesu, Mufudzi weBoka guru, tine mungava mukuru kwaMuri, Ishe, watingambofa takagona kubhadhara kwaMuri nokuda kwerudo rwaMakadurura mumwoyo yedu. Tinonzwa kusakodzera kwazvo apo tichikotamisa misoro yedu nokumira muhupo hweNyu. TinoKukumbirai kuti mutichenese kubva pamhaka dzose pamwe nechivi chose. Tinonamata kuti Muchasimbisa mitumbi yedu nhasi. Vazhinji vari kurwara nokutambudzwa, sezviri kuonekwa pano, nemahengechepfu nezvikumbiro zvichiuya pamafoni nekwese-kwese.

² Uye tinotenda kuti tave kupedzisa nhorondo yepasi rose zvino, uye nenguva isipi nguva ichanyangadikira muna Ziendanakuenda, uye isu tinoda kunge takagadzirira nguva iyoyo. Ndicho chikonzero taungana pano mangwanani ano, kuti tigadzirire nguva iyoyo. Ndaudzwa kuti pane nhepfenyuro dzepanhare dzakawanda mangwanani ano dzakapoteredza nyika yose, kubva kumahombekombe kusvika kumahombekombe. Kwese kuri kusvika mazwi edu, deno kaboka kaduku ikako karopafadzwa. Poresai vanorwara vari pakati pavo, uye ndinonamata kuti Muchachenesa munhu wavo wemukati kubva kune zvose zvakaipa. Uye tibatsireiwo pano mangwanani ano, patabhenakeri, kuti isuwo zvakare tifadzwe nemukana mukuru iwoyo.

³ Uye tinokumbira kuti iMi muchataura kwatiri nhasi kubudikidza neShoko reNyu rakanyorwa, uye deno Mweya wazarura kwatiri izvo zvinhu zvatnofanira kuva nazvo, sezvo taungana nyika yose zvino, tichinzwa kuti tiri vanhu vaduku, asi tine nzvimbo pakati pevakaadzikinurwa, nokuti takatenda pana Jesu Kristu. Goverai zvinhu izvi kwatiri, Ishe.

⁴ Uye patichavhara shumiro zvino tozoenda kumisha yedu yakasiyana-siyana munyika yese, dai tazoti, sevaya vaibva kuEmausi, “Moyo yedu haina kutsva here mukati medu apo iYe anga achitaura nesu munzira?”

⁵ Zvino, Baba, ndinoziva kuti chingave chipi chandingataure ini zvirokwasvo chinenge chisina kukwana, ne-neMakristu akaisvonaka akapoteredza nyika yose iye zvino vakateerera panhepfenyuro, zvinezenge zvisina-zvinezenge zvisina kukwana. Chinenge chisiri chimwe chinhu chandingagona kutaura chingaita chinhu chakanaka, nokuti tose tiri pachiyero chimwe chete. Isu tiri vanhu, vanofa. Asi itai kuti

Mweya Mutsvene mukuru ataure; dai Akatora Shoko zvino ongozvizarura pachaKe. Isu takamirira paAri zvino, nemuZita raJesu. Amenii.

Mungagara henyu pasi.

⁶ Ndaita sokuti...kuzvishamisa ndega. Ndakataurira mudzimai wangu, kana zvikaiteka kuti ari kuteerera kuno, zasi kuTucson, kuti handaifunga kuti ndaizombova kana neshumiro kana ndichinge ndadzoka; uye handina kana kumbouya nehantu. Zvino ndati kumuroora wangu, anga aaina bhachi rangu, uye ini ndati, “Ndichagara kuseri kwepurupiti, ndiine... Havazive kuti mudhebhe ndewe imwe mhando uyezve bhachi ndere imwewo mhando.” Ndeidzo dzandinopfeka kumusha. Asi, Meda, akaaina shati yangu nezvose, saka zvose...Rega hako kunetsekana; zvose zvakarungana.

⁷ Zvino, tine chikumbiro pano, chokuti pane hama inodikanwa zviku...Uye ndinofunga kuti—kuti Prescott, ndinotenda, iri kuteerera panhepfenyuro mangwanani ano, kumusoro ku—kuPrescott, Arizona. Baba veHanzvadzi Mercier vanga vari pamugwagwa kuuya kuno kumusungano, ini ndinonzwisisa kudaro, uye vatozoendeswa kuchipatara nechirwere chemwoyo, Hama Coggins. Uyewo, zvekare, Hama Junior Jackson, ndinofunga vari panhepfenyuro yeredhiyo inotevera pazasi, kana kuti panhepfenyuro yerunhare inotevera kuzasi muClarksville kana kuti New Albany, uye baba vavo vari muchipatara, ndinonzwisisa kudaro, neoparesheni yakaipisira yekenza yemuchiropa. Saka tinoda zvirokwasvo kurangarira ivavo muminamoto yedu. Uye zvino pane vamwe pano, zvakare, asi hatidi kutora nguva yacho. Mwari vanoziwa zvose pamusoro pavo, saka ngativanyengerereyi zvino.

⁸ Mwari Anodikanwa, se uya murume anodikanwa, mutana, ane ruoko rwaunyana, Hama Coggins, mhare yakare yemumunda wevhangeri, vane...vavete muchipatara mangwanani ano, pane imwe nzvimbo, vari kutambura nechirwere chekukanganisika kwemwoyo wavo. Mwari, mwoyo iwoyo wakwegura unonzwisa urombo wakapfuura nemumatambudziko akawanda. Ndinonamata, Mwari, kuti muvabatsire. Zvitenderei. Ivo vanoda...Vanoda hupenyu sezvatinoita isu tose, uye vanoda kurarama. Ishe Mwari, zvitenderei. Isu munyika yose tinovanyengerera nemuZita raJesu, kuti imi Muchavaporesa uye nokuvabuditsa kunze. Tinotenda kuti Muchazviita; ivo vachazouya chaiko kumusungano.

⁹ Tinonyengerera Hama Jackson, baba vavo vakakosha vavete ipapo vari pedyo nerufu zvino, uye vakaunza panyika mukomana kwaye akaita saJunior. Ndi—ndi—ndinonyengerera, Mwari vanodikanwa, kuti Muchavaporesa. Ndinoziwa zvinoita sokunge zvisingakwanisike. Avo vanorapa, vanachiremba, ivo—

ivo havazivi zvokuita muchinhanho chemhando yakadaro. Asi tinorangarira Hama Hall, zvakare, apo vanachiremba vepamusoro chaipo pano vakati, muLouisville, vakati, “Vangova nemaawa mashomanane okurarama,” vaine kenza yemuchiropa. Uye vari kurarama nhasi uno, uye atove makore makumi maviri nemashanu apfuura, nokuda kwenyasha dzeNyu. Saka ndinonyengetera kuti Muchapodza Hama Jackson nhasi, Ishe, itai kuti nyasha netsitsi dzeNyu dzava navo.

¹⁰ Uye murwi wose yu mukuru wemahengechepfu namachira nezvinhu zvaiswa pano sezvikumiro; Munozviziva zvose, Baba. Ndinonyengetera kuti Muchagovera kuporesa pana vose. NemuZita raJesu Kristu. Amen.

¹¹ Zvino kutanga, mangwanani ano, handina kumbofunga kuti ndanga ndiri kuzouya zasi kuno, pokutanga, Svondo yapfuura. Uyewo zvakare, patakazvizivisa, ndakauya kuno. Hama Neville vakandiita kuti nditaure! Uye ipapo takazivisa kuti tichange tiri kuno nhasi, uye hazvina kushambadzirwa kwakapoteredza nyika yose kuvanhu. Uye tine hurongwa hwenhepfenyuro yerunhare uhu zvino, hunova hwakanyanya kunaka, chaizvo. Vanhu vanogona kugara imomo mudzimba dzavo kana dzavo . . . kuungana munzvimbo dzavo, machechi avo, nezvakadaro, uye vogonzwa shumiro. Ndinozvikoshesa izvozvo.

¹² Zvino ndiri kuona pakaradzikwa pano, panga paine zvikumiro zvakawanda svondo rino rapera, pamusoro pezvandakataura nomusi weSvondo wapfuura muMharidzo. Ndinotenda ndakanganwa musoro wenyaya wandakapa zvino. Asi ndakataura chimwe chinhu pamusoro pokubhadhara zvikwereti zvako. Uye munoziva, hazvinei kuti wataureyi, zvinototadza kunzwiswa nevakawanda. Kwete nekuti ivo . . . ivo havadi kusazvinzwisisa, asi unongosvika pakusanzwisisa zvakangodaro.

Zvino mumwe munhu akati, “Tingatenga motokari here?” Kana kuti, “Chii chandinofanira . . .”

Zvino, izvozvo handizvo zvaitaurwa naJesu, kana ipapo muBhaibheri, pakanzi, “Usava nechikwereti nomunhu.” Zvikwereti zvinenge zvagarisa izvo zvaunogona kubhadhara. Zvibhadhare. Hazvidaro . . . Ndiko kusava nechikwereti nomunhu. Hazvirevi kuti . . . Ini zvangu, tine chikwereti cherendi, chikwereti chefoni, isu . . . uye nezvimwewo. Ti—tine chikwereti pazvinhu izvozvo, uye tinozvibhadhara. Asi, chikwereti chekare chagarisa chaunogona kunge wanga uchibhadhara, chibhadhare chipere. Maona? Zvino, rega kufamba uine chimwe chinhu chakaremba pauri saizvozvo.

¹³ Ndinorangarira nguva apo ndakanga ndichirwara, apo pandaiva mukomana. Ndakabuda muchipatara ndiine chikwereti chingasvike madhora zviuru zviviri. Uye paisimbove nechitoro chemishonga muno, VaSwaniger, ndaive nechikwereti

chavo chingasvika mazana matatu kana mana emadhora, chikwereti chemushonga. Ivo vakanga vasingambondizive. Zvino murume uyu...ndakaenda kwaari. Ini ndakanga ndisingamuzivi. Zvino akangoitumira ikoko, zvakadaro, haana kumboramba kuitumira. Uye ndikati, “Ndine chikwereti chenyu.” Zvino ndakati...ndinotenda, Swaniger...Vaiva VaMason zasi pana Court Avenue naSpring.

Zvino ndakati, “Ndine chikwereti kwamuri. Uye ndi—ndichiine hutera zvakanyanya, asi ndiri kuedza kuenda kubasa. Zvino, kana ndikatadza kukubhadharai...” Ndakanga ndichangotanga kuva Mukristu. Ndakati, “Chinhu chokutanga, VaMason, semungava wangu webasa kuna Mwari, ndine mungava kwaVari wehegumi changu. Ndinoda kuVabhadhara chegumi changu, kutanga.” Uye ndikati, “Zvino mungava wangu webasa unotevera kubhadhara zvikwereti zvangu.” Ndikati, “Baba vangu murwere, uye ivo...Uye tine... Tiripo vana gumi mumhuri yedu.” Asi ndakati, “Ndicha... Kana ndikatadza kukubhadharai mari isingapfuure masenzi makumi maviri namashanu pachikwereti ichocho, pazuva rega—rega randinotambira mari; kana ndikatadza kukubhadharai kunyange masenzi makumi maviri namashanu, ndinosvika kuno ndokuzivisai pamusoro pazvo. Ndinokutaurirai, ‘Nda—nda—ndakundika kuzviita panguva ino.’” Zvino, nebetsero yaMwari, ndakaibhadhara yese. Maona? Asi ndizvo zvandinoreva, maona? Kwete zvokungoti munhu oti...

¹⁴ O, mumwe Mukristu pano pachechi imwe nguva akaenda ndokunoitirwa basa pane imwe motokari pano, zvino murume wacho akauya...Murume uyu ndokuti, “Ndichakubhadhara. Ndinowana muhora wangu neMugovera,” kana zvimwe zvakadaro. Zvino haana kana kumbomubhadhara. Uye mavhiki nemavhiki akapetana, uye haana kumbomubhadhara, kana shoko rimwe raakambotaura. Zvino—zvino murume uya akazouya uye ndokundibvunza, akati...Munoona, zvinoratidza chapupu chakaipa pachechi. Zvinoratidza chapupu chakaipa pamusoro paKristu.

Kana watadza kumubhadhara, enda unomuudza, woti, “Ndine chikwereti chenyu, uye ndichazokubhadharai. Ndiri Mukristu, asi nda—ndango...ndatadza kuzviita panguva ino, ndine...ndine chikwereti ichi.” Uye, rangarirai, zvakanyorwa pamabhuku aMwariwo zvakare, munoziva, kuti unawo. Saka ndizvo...ndiri kuedza kuti, kwandiri ini pachangu uye nesu tose pamwe chete, kuedza kuva takagadzirira, nokuti tinoziva kuti tave pedyo nechimwe chinhu, pedyosa chaizvo nechimwe chinhu chichazoitika. Saka tinoda kuve takagadzirira. Apo Kuuya kwaShe kwava kuswera pedyosa zvino, tinoda kunge takagadzirira kuitira nguva huru iyoyo.

¹⁵ Zvino tinoda kugadzirira uye nokutaura zvino pamusoro pekachidzidzo kaduku pano kandasarudza kuitira mangwanani

ano, nekubatsirwa naIshe. Uye tichataura nguva pfupi yatingakwanisa, nokuda kwenhepfenyuro yevanhu. Ndine tariro yokuti mose mune...kwese kwakapoteredza munyika, mune mangwanani akanaka seatinawo kuno kuIndiana. Mamiriro ekunze akanaka, anotonhorera, akanaka ayo atinawo zvino kubvira pakanaya mvura. Uye akanaka zvikuru.

¹⁶ Zvino ndinoda kuverenga kubva muBhuku revaHebheru, chitsauko 1; uye kubva muBhuku raMutsvene Johane, chitsauko 1. VaHebheru 1:1 kusvika 3, naMutsvene Johane 1:1, segwaro rokuverenga. Chidzidzo changu mangwanani ano ndechekunzvera muMagwaro. Zvino ngativerengei vaHebheru 1:1.

Mwari, ivo munguva dzekare...nemigove mizhinji wakataura panguva dzekare kuna madzibaba nevaporoifita,

Asi pakupedzisira kwemazuva ano wakataura kwatiri kubudikidza neMwanakomana wake, uyo waakaita mudyi wenhaka yezvinhu zvose, waakaitavo zvakare naye nyika;

Iye ari muchadzera chokubwinya kwake, uye... mufananidzo wake chaiye, uye unotakura zvinhu zvose neshoko resimba rake, wakati anatsa zvivi zvedu iye pachake, akagara kurudyi rwoHumambo kudenga;

Kuverenga kwakanaka zvakadini uku! Zvino Mutsvene Johane 1:1.

Pakutanga Shoko rakange riripo, uye Shoko rakange riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari.

¹⁷ Zvino, uye chidzidzo changu mangwanani ano ndechokuti: *Kristu Anozarurwa MuShoko RaKe Omene*. Zvino, chaita kuti ndisvike pokuzotaura pamusoro peizvi, change chiri chikonzero chokuti...Tichiziva kuti chatinotaura hatifanirwe kungotaura nokuti taungana pamwe chete kuti tingobvotomoka kutaura pane chese-chese, asi chimwe chinhu chichabatsira kudzikamisa vanhu, nokuti tichazenge tichipfuura nemumvura dzine njodzi, dzinonyengera. Tiri kutofamba tichipfuura nemadziri izvozvi. Uye dzimwe nguva ndinofungidzira kuti zvingori kwamuri sezvazviri kwandiri, zvinoita saizvozvo, kazhinji kacho, zvinoti tiyisei.

¹⁸ Ndanga ndichangobva mukutaura nemushumiri wechidiki nemudzimai wake, mukamuri umo, nguva shoma ichangopfuura. Uye vose vari vaviri vanohuta-huta sezvakangoita nyika yosewo, vamwe vanhu vese vari panyika. Ndati, "Rangarirai, Satani ane chibhakera chiri kuuya kwauri." Hazvina basa kuti iwe ndiwe ani, Mwari...Ane kodzero yekukupa chibhakera ichocho. Ndezvipi zvaungada kuva, chibhakera ichi; kuva bofu, kana kuti uve uine chirwere chearthritis ugere muchigaro, kana kuva onohuta-huta? Maona? Ane pamwe panzvimbo

paanokwanisa kukurova chibhakera. Ane kodzero panzvimbo iyoyo yakazaruka. Zvino, ndipo panzvimbo paunofanira kuchengeta pakavharidzirwa nguva yose. Uye kuona chizvarwa chino chekuhuta-huta chatiri kurarama machiri!

¹⁹ Uye matepi esvondo rakapera, ndinofunga, achazarura kwamuri zvinhu zvikuru zvinotyisa zvatic hazotaura nezvazvo pane rimwe remazuva ano kana tichinge tagona kuwana nzvimbo yakakwana, pamusoro pekuzarurwa kwematenda aya okupedzisira achazodururwa pamusoro penyika, Ndiro dziya dzematenda, waro, achidururwa kubva muNdiro dzematenda, uye neMihinimira Minomwe, nezvinhu zviya zvinotyisa zviri kuuya penyika. Munhu nhasi, uye vanhu nhasi, vari muchinhanho chekusagadzikana mufungwa; pasi rose!

²⁰ Mukaverenga *Reader's Digest* yemwedzi wakapera, munocherechedza nyaya yacho ipapo; pamusoro paBilly Graham, muvhangeri mukuru. Akasvika paakaneta zvikuru zvokuti akanga asisagone kuita misangano yake, uye iye—iye akaenda kuchipatara cheMayo kuti aongororwe mutumbi wake. Hapana chakange chakakanganisika paari, kusiya bedzi kuti iye haanyanyoshanda basa zvakakwana. Zvino vakamuita kuti apote achimhanya; kuekisesaiza mutumbi wake. Anomhanya maera imwe chete mazuva ose.

Zvino nyaya yacho yakazoenderera mberi ichiti sainzi yakazviratidza muzuva rino, kuti vana vechidiki, vakomana vadiki ava nevasikana, “vave kusvika zera rapakati nepakati pamakore makumi maviri.” Uye pamakore makumi maviri nemashanu, kazhinji kacho, muzvinhanho zvakawanda, vasikana vanenge vaguma kubata mimba, pamakore makumi maviri nemashanu.

Handizive kana manga muchizviziva kana kwete, asi husiku hushoma hwapfuura apo Mweya Mutsvene waitaura pano mumusangano, kasikana kaduku kainge kakagara pasi ipo pano, ndizvo chaizvo zvakanga zvichinetsa pamwana iyeye pakwakadanidzira. Ndakamutarisa kechipiri, ndokutarisa zvakare, ndakabva ndaona dambudziko racho. Ndakafunga, “Hazvingadar; mwana uyu mudiki chaizvo.” Asi raiva dambudziko rokuguma kubara, ane makore angasvike makumi maviri, makumi maviri nematatu, zvakada kudaro. Maona?

²¹ Amai vangu naamai vako vakasvika pazera iroro vaine makore angaite makumi mana nemashanu kusvika makumi mashanu. Mudzimai wangu akasvika pazera iroro ava nemakore angaite makumi matatu nemashanu. Zvino zvadzika kusvika kumakumi maviri. Rudzi rwose rwevanhu rwaora. Saka, kana mitumbi iyoyo yemuviri yedu ichiperezeka saizvozvo nokuda kwekudya chikafu chemasanganiswa, kushushikana, zvichiuodza, ko izvozvo hazviodzewo here chizenga cheuropi? Zvino tinokwanisa kuona kuti sei vakadzi vanogona kuenda

mumugwagwa, vasina kupfeka. Tinokwanisa kuona kuti sei vanogona kumhanyisa motokari mu—mumugwagwa vachimhanya mamaera zana nemakumi maviri paawa, zvinhu zvose izvi. Zvasvika pachinzvimbo chokuti nyika yose, pasi rose, kwete nyika ino yoga, asi kwose-kwose, pfungwa dzaparara.

²² Uye ipapo patichazozarura izvo zviya, Ishe vachitendera, paNdiro Nomwe dzematenda dziya uye nokuratidza zvinhu zviya zvinotyisa. Varume vachange vachinyatsopenga chaizvo, gare-gare, kudzamara vachange vachifungidzira kuti vari kuona masvosve akakura segomo. Zvichange zvichitambudza madzimai; pachauya mhashu pamusoro penyika, dzine vhudzi rakareba, kuti dzitambudze madzimai anocheka ravo; vhudzi sere madzimai, rakaremba pasi; nemazino marefu, seshumba; nemipfondo kumuswe kwadzo, serize, ne—nezvakadaro, kutambudza varume vari panyika. Asi zvino nguva panenge pasisina yokuita chimwe chinhu pamusoro pazvo. Gadzirisa zvinhu iye zvino. Maona? Kutambudza!

²³ Uye musi weSvondo wapfuura pataipinda nemuzvikamu zviya, zvokuti manzwiro mashanu ari mukamuri yekunze. Ndiwo mukova wokupinda, manzwiro mashanu emutumbi. Pane nzira imwe chete bedzi yamunokwanisa kupinda mumutumbi, kubudikidza nemanzwiro mashanu iwayo: kuona, kuravira, kubata, kunhuwidza, nekunzwa. Hakuna imwe nzira yokubata mu—mutumbi.

²⁴ Mukati memunhu iyeye mune munhu anonzi mweya, uye iye ane manzwiro mashanu: kufunga, pfungwa . . . nepfungwa, nerudo, nehana, nezvimwe zvakadaro. Zvakanaka.

²⁵ Zvino, haugone kufunga nemutumbi wako. Unofunga nepfungwa dzako. Uye imomo ndimo vakawandisa, veMakristu, mavanongogumira. Uye vanogona, sechibage chiri mumunda nesora riri mumunda, vanokwanisa kuzodzwa neMweya Mutsvene mumwe chete uyo mutendi wechokwadi waakazodza nawo.

Asi muzasi mukati maiwoyo, muchiyero chinotevera, chiyero chechitatu, mune munhu wemukati; zvino iyeye akatemerwa naMwari. Ndimu mugere chizenga chembeu chemazvirokwazvo, chirimo imomo.

²⁶ Uye, rangarirai, kana ndikatora chaguduma zvino ndochicheka kuti chizaruke, ndoisa machiri mwoyo we—wegorosi zvino ndochiisa ipapo, ndochifushira, chinobereka gorosi kubva muchaguduma; hazvinei kuti kunze kwacho chii, zviri manyawi.

²⁷ Nhasi, kuvhiringika kwazvo pamusoro pechiratidzo cheMweya Mutsvene, nezvimwe zvakadaro. Satani anogona kutevedzera chero mhando yechipo icho Mwari chavainacho, asi haagone kuunza Shoko, Shoko neShoko. Ndipo paakakundikira mubindu reEdheni. Ndipo paakagara achingokundikira.

Ndipo apo ivavo, tepi ye “avo vazodziwa, venhema,” kana kuti vazodziwa; vanokwanisa kuzodzwa neMweya, vogotaura nendimi, kutamba, kudanidzira, kuparidza Evhangeri, asi vagoramba vari dhiyabhorosi.

Inyaya yemukati! Zvino rangarirai, Jesu akati, “Vose avo Baba vavakapa kwaNdiri vachauya kwaNdiri. Hakuna munhu unokwanisa kuuya kusiya kwekunge Baba vaNgu vatanga vamukwezva.”

Zvino, takafamba nechidzidzo, kuratidza kuti mune. . .Iwe wakanga uri muna baba-vababa-vababa-vasekuru vako, nzira yose kudzokera kumashure, tichitaura panyama. Zvino, ndizvo zvauri pamunhu wenyama, hunhu. Dzimwe nguva mwana anoberekwa mumhuri, aine vhudzi dzvuku. Izvozvo zvoshamisa baba, nokuti hapana wavanoziva, pavanhu vavo, ane vhudzi dzvuku, kana kwaamai. Asi kana ukadzokera shure zvizvarwa zvakati kuti, uchazowana kuti pane mumwe munhu akange aine vhudzi dzvuku. Mbewu iyoyo inoramba ichidzika, zvino unozouiswa uine hunhu hwemumwe aivepo kare-kare.

Sezvakaite vaHebheru chitsauko 7 yakataura, kuti, “Merkizedheki, Abrahamu akabhadhara chegumi kwaAri paakanga ava kudzoka achibva pakunouraya madzimambo. Zvino Revhi, aigamuchira chegumi, akabhadhara chegumi,” nokuti akanga ari muchiuno chaMerkizedheki pa. . .kana kuti, “chiuno chaAbrahamu,” waro, paakasangana naMerkizedheki.

²⁸ Zvino chinhu chimwe chete ndechino. Kana uri mwanakomana waMwari, uye kana ndiri mwanakomana waMwari, kana mwanasikana waMwari, isu takanga tiri muna Mwari pakutanga. Zvino Jesu paakava huzaro hweShoko, zvino takanga tiri maAri, sechizenga. PaAkarovererwa, takarovererwa mumutumbi waKe. PaAkamuka kubva kuvakafa, takamuka Naye. Uyewo zvino, nokuti takazvicherechedza, “iye zvino takagara pamwe chete naYe, munzvimo dzoKumatenga muna Kristu Jesu.” Maona? Nokuti iYe. . .Isu, kana tiri vanakomana nevanasikana vaMwari, tiri vana vaMwari, zvino tiri zvizenga zvepfungwa dzaMwari. Naizvozvo taive. . .tine Hupenyu Husingaperi. Zvino Mwari ndiye chete Hupenyu Husingaperi huripo. Naizvozvo, isu takanga tiri maAri kubvira pakutanga. Uye Jesu paakave Shoko rose iroro, zvino takanga tiri chikamu chaKe ipapo. Amen! Hezvoka izvo. Zvino imomo, hapana dhimoni, hapana masimba, hapana chimwe chinhu chingazvizunguza. Ndipo hoko yakasimba panosungirirwa munhu wemukati.

²⁹ Unogona kuzodzwa kunze *uku*, mumweya uyu, uye ugoshuva, pamwe nokuita zvimwe zvinhu zvese izvi. Asi kana zvasvika pane hoko iyi kune Shoko iroro, haumbofa wakaenda uchibva ipapo. Inonyatsobata yakadzikama uye zvechokwadi,

paShoko iroro, sezvainokwanisa kuva. Kunze kwaizvozvo, zvisineyi kuti waitei, unenge uchakarasika.

³⁰ Iro Zera riya reKereke yeRaodhikia, “hauna kusimira, bofu, wakasuwa; uye hautombozviziva.” Munoono, riri kunze. . . Ndiye uya muzodziwa, akazodzwa neMweya chaiwo. Munoono, Mweya Mutsvene uyu unokwanisa kuwira pamunhu, mumweya wake. Asi munhu wake wemukati ndicho chizenga; chizenga ichocho iShoko. Maona? Uye sei. . . Handina basa kuti unogona kuparidza zvakaita sei, kana kuti unogona kuita *ichi* zvakanaka sei, kana kuti une rudo zvakadini; ndiwo mumwe wemikova yemweya. Haukwanise kuda nemutumbi wako; unoda nemweya wako. Ndiwo mumwe wemikova. Uye iwe unogona kuda, uye kunyange kutoda Mwari, asi uri munhu asina kururama. Unokwanisa kudzinga madhimoni, nekuparidza, uye nokuita zvinhu izvi; asi usina kururama. Jesu akataura kudaro, akati vazhinji vachauya nezuva iroro. Shoko iroro ndiro rinozvipedza!

Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari.

Uye Shoko rakava nyama, rikagara pakati pedu, . . .

³¹ Cherechedzai, ndave kuzotaura pamusoro pechidzidzo ichi chemuBhaibheri, chinoti, *Kristu Achizarurwa MuShoko RaKe Omene*. Chandisvitsa pasarudzwo iyi, manga muri mukamuri yangu.

Mumwe munhu anodikanwa, anogona kunge akagara muno mangwanani ano. . . Ndine mufananidzo wakaremba mukamuri yangu mandinoverengera kumusoro uko, mufananidzo waHoffman we*Musoro waKristu*, wakanyorwa nemuZviropafadzo. Zvino ipapo chaipo paunosvika panzvimbo sokuti wava kuda chikamu chevhudzi, vakati wedzerei kutsimbirira chinyoreso paunopfura pachikamu ichocho. Ipapo, heUnoi uyo, akagadzwa muShoko raKe, achinyatsotarisa kunze; Kristu muZviropafadzo. Mumwe munhu, angave ani zvake, ndinotenda nokuda kwawo.

Uye mumwe munhu akaunza mufananidzo uya zvino ndokuuisa mukamuri yangu yandinoverengera umo, waEria achikwira kumusoro nengoro yemoto. Tinokoshesa zvinhu izvi. Nguva dzakawanda, mhomho dzevanhu huru, handingowana mukana wokutaura nokureva zvinhu izvi, asi ndinozviona, hama, hanzvadzi. Ndi—ndinozviziva, uye Mwari vano zviziva.

³² Zvino ndava kuzotaura nezvechidzidzo ichi chokuti: *Kristu Achizarurwa MuShoko RaKe Omene*. Kutu, muZviropafadzo, ipapo panobuda mufananidzo waKristu, wakamira zvinonyatsoonekera, saizvozvo. Ndipo pandafunga pamusoro pechidzidzo ichi. Zvino, Kristu neShoko zvimwe chete. Maona?

³³ Ivo vanoti, “Ko Bhaibheri rakanga. . .?” Vanhu vanoti. Ndaityaira nemumwe murume nguva shoma yapfura. Iye akati, “Pafungei. Isu tiri pano panyika ino, sezvatiri saizvozvo, uye

tinongoziva bedzi kana kuti tinongokwanisa chete kutaura kuti tinoponeswa nechimwe chingano chechiJudha chinonzi Bhaibheri.”

³⁴ Ini ndikati, “Changamire, handizivi kuti munotaura izvozvo sei, asi ini handitende kuti chingano chechiJudha,” ndakadaro.

Iye akati, “Zvakanaka, munonamata, munonamata kuna ani? Ndakakumbira *chakati-chikati* nezvimwe zvinhu; handina kuchiwana.”

³⁵ Ndakati, “Uri kunamata nenzira isiri iyo. Hatifanirwe kunamata kuti tishandure pfungwa yaMwari; tinofanira kunamata kuti tishandure pfungwa yedu. Pfungwa yaMwari haitombodi kushandurwa. Maona? Munoono, yakakwana.” Ndikati, “Hazvisi zvawakanamatira. . .”

Ndinoziva mukomana mudiki wechiKatorike, imwe nguva, akange aine bhuku reminamato, achitaura minamato, uye pamusoro paamai vake kuti vararame. Zvino vakafa, zvino iye ndokukandira bhuku reminamato iri mumoto. Saka, munoono, ini handitsigirane nebhuku reminamato; asi, kunyange zvakadaro, munoono, unotora maonero asiri iwo. Uri kuedza kudza Mwari zvokuita.

Munamato unofanirwa kunge uri wokuti, “Ishe, ndishandureyi kuti ndikwane muShoko reNyu.” Kwete, “Shandurai,” kwete, “itai kuti ndishandure pfungwa yeNyu. Imi shandurai pfungwa yangu.” Maona? “Imi shandurai pfungwa yangu ikwane pakuda kweNyu. Zvino kuda kweNyu kwakanyorwa muno muBhuku. Uye, Ishe, musa—musandirega ndichienda kudzamara iMi mabata pfungwa dzangu—dzangu kuti dzigadzwe zvakananana nepfungwa dzeNyu. Zvino kana pfungwa dzangu dzafanana nepfungwa dzeNyu, ipapo ndichatenda Shoko rose raMakanyora. Uye Makati, imomo, Muchaita kuti ‘zvinhu zvose zvishandire mukunaka’ kune avo vanoKudai. Uye ini ndinoKudai, Ishe. Zvose zviru kushandira pamwe chete mukunaka.”

³⁶ Ndanga ndiri zasi mudunhu rino, ndichigara neshamwari dzakakosha kwazvo. Ndakabvunza vamwe vavo patafura, nezuro, apo patakange tichidya. Tinowanogara pamwe chete uye tova neka. . .kunge kakunzvera pamusoro peBhaibheri. Taitaura nezverudo.

Zvino pakange paine mumwe munhu akati kwandiri, iye akati, “Ndinotenda kuti uri antikristu.”

³⁷ Ini ndikati, “Kana izvozvo zvichifadza kuna Ishe wangu, izvozvo ndizvo zvandingada kuva. Ndinoda kungova izvo zvacho zvaAnoda kuti ndive. NdinoMuda. Uye kana Achifanira kundikandira mugehena, ini ndichangoramba ndichiMuda, kana ndikaenda ndiine mweya mumwe chete wandinawo zvino.” Iye akanditarisa nenzira yokuti shamisikeyi.

Ndakaona vana kana vashanu vavo ipapo, varume vechidiki; madzimai echidiki, madzimai kwavo. Ndaiziva kuti vakomana ava vanoda madzimai avo sei, saka ndakati kwavari, ndakati, “Heino nzira yekuzviyedza nayo. Kana mudzimai wako, musati maroorana. . . Zvino, unodzokera shure, woti iwe. . . hupenyu hwekunge makaroorana uhwu, wanga uchirota makaroorana; asi musina chaizvo kuroorana, asi worota makaroorana. Zvino iwe wobva wamuka, zvino woenda wonokurukura nezvazvo nemusikana wako, uye woti, ‘Unoziva, ndarota takaroorana, uye tiine vana. Tanga tichigara nemufaro, uye—uye takamirira Kuuya kwaShe, nezvose.’ Zvino ipapo musikana uyu obva ati kwauri, ‘Unoziva, ini ndinoda mumwe murume zviru nani kupfuura kuda kwandinokuita. Ndinogona kunyanya kufara nemumwe murume wacho.’ Iwe unogona here, kubva mumwoyo mako, kumuda zvakanatsokwana zvekuti ungatoti, ‘Maropafadzo aMwari ngaazorore pamusoro pako, mudikani. Enda hako nemumwe murume uyu?’”

Zvino, wongororai izvozvo, mumwe nomumwe wenyu imi varume kana imi madzimai. Maona? Saka, kana rudo rwako rwuri rwechokwadi, unozviita, nokuti une hanyi’a nemagariro ake. Apo, unoziva kuti iwe unogona kuva naye, unogona kurarama naye, iwe. . . Iye mudzimai wako; achazove izvozvo. Acharoorwa newe, asi haazofare. Aizonyanya kufara. . . Uye zvino, kana uchimuda, saka unoda kuti afare.

Naizvozvo, chingavei hacho chinenge chiri kuda kwaMwari, regai kuda kwaMwari kuitwe, kunyange ndichifara nazvo kana kuti kwete. Ndinoda kurarama zvokuti iYe anenge achizofadzwa nezvandinenge ndichiita. Naizvozvo wongorora chinangwa chako—chako uye nedonzvo rako naizvozvo; unoziva kuti unoda Mwari here kana kuti kwete.

Ko iYe akati, “UchaNdishumira here kunyange ndichizokurasa?”

“NdinoKudai, zvakadaro.”

³⁸ Naizvozvo, dai machechi akagona kuzviona izvozvo uye nokugona kuzvitenda nenzira iyoyo, hazvizoita zviya zvokuti mumwe ari kuedza kubvuta bhora kubva kune mumwewo muchinda paanenge achimhanya naro. Anenge achitodzivirira iyeye. Maona? Kana, chiri chinangwa nedonzvo chaizvo zvechokwadi, haazova mumwe achiedza kutaura kuti, “Honai, ndinewo *izvi* zvakare! Ini, *izvi* ndini, *izvi*.” Munoono, Mwari havakwanise kushandisa munhu. Pane kutevedzera kwakawanda kunoteverana nazvo, uye ndiSatani. Zvino vanhu havagone kuziva izvozvo. Vari kuedza kutora bhora kubva kuna iyeye akaripihwa. Regai Mwari vasimudze shumiro yeimwe mhando zvino chionai kuti vangani vanenge vave kuitevera. Maona? Maona?

³⁹ Zvino, rudo rwechokwadi kuna Mwari, “Hazvina basa kuti ini ndiri chikamu chipi, Ishe, kana ndikangokwanisa kureva shoko rimwe pamusoro paCho, kuti ndibatsire kuChidzimirira, itai kuti ndiite izvozvo.” Maona?

Ndizvo zvimwe chete zvazviri pamusoro pemudzimai wako. Kana uchinyatsomuda chaizvo, munoona, harusi—harusi ru—rudo *rwefilio*; rudo *rweAgapo*, rudo rwechokwadi. Anokwanisa kunorarama nemumwewo munhu, achizonyanya kufara; apo kana musati maroorana zvino, saizvozvi, haungadaro.

⁴⁰ Uyewo, zvakare, vanhu vanoteerera matepi aya. Vamwe, vakawanda, vanotumira, ndokuti, “Sei, mu*Kuroorana NoKurambana*, makati *zvakati* uye mukati *zvokuti*.” Ndakazvitaure izvi nguva dzakawanda; matepi aya anoenda chete. . . . Ndiri kutaura kuungano yangu, hama. Handidavirire pamusoro pezvawakapiwa naMwari kuti ufudze; Ndine mungava pamusoro pemhando yeChikafu chandinopa vanhu ava. Izvi ndezve tabhenakeri ino chete. Maona? Zvino, kana vanhu vachida kuteerera matepi, zviri kwavari. Asi ini ndiri kutaura kune avo vandakapiwa naMwari. Zvakange zviri zvivi zvavo zvakaregererwa.

Mumwe munhu akanyora, uye ndokuti, “Zvakanaka, ini ndakaita *zvakati* uye ndakaita *zvokuti*. Makati chivi chedu. . . .” Ini—ini handina kutaura izvozvo.

Ini ndakati, “Zvionerei kune izvi; izvi ndezve kune vanhu vari ipo pano, vanhu vari muno mutabhenakeri, boka rangu ini pachangu.” Zvino, kana vanhu vachida kuita masanganiswa pachikafu nezvakadaro kunze uku, iwe—iwe unowana chizaruro kubva kuna Mwari uye woita izvo Mwari zvavanenge vakuudza kuti uite. Ini ndichaita chinhu chimwe chete. Asi Mharidzo idzi ndedzekucheche ino.

⁴¹ Cherechedzai zvino, tinodzoka, tinofanira kuva nechimwe chinhu chokuti tibatirire pachiri. Chimwe chinhu chinofanira kuva mbambo yehoko pokusungirira, namamwe mashoko, imhedziso. Uye munhu wose anofanira kuve nenhungamiri kana kuti mhedziso. Ndakamboparidza pamusoro payo imwe nguva, makore apfuura, pamusoro pemhedziso, nzvimbo inova shoko rokupedzisira.

⁴² Sezvakaita muzvina pembe pamutambo webhora, kana iye akati ranwa, ndizvozvo chaizvo zvazviri. Hazvina basa kuti iwe wazviona sei, muzvina pembe ati ranwa. Iwe wati, “Nda—nda—nda. . . . Harina kunwa. Raenda. . . . Ndaona. . . .” Hazvina mhosva nezvazviri, paati, “ranwa,” ndizvozvo, zvinobva zvangozvipedza. Iye, ndiye mhedziso.

⁴³ Uye zviedza zveimarobhoti mumugwagwa ndizvo mhedziso, kana chikati, “famba.” Iwe woti, “Zvakanaka, ini, ini ndiri muchimbi-chimbi, ndinofanira. . . .” Kwete, kwete. Icho chati,

“Mira ipapo apo mumwewo paanenge achipfuura.” Maona? Ndicho mhedziso.

⁴⁴ Zvino, panofanirwa kunge paine nhungamiri pane zvose zvaunota. Paifanirwa kunge paine nhungamiri pawakasarudza mudzimai wako. Paifanira kunge paine mudzimai wawakasarudza.

⁴⁵ Zvino, panofanira kuva nenguva apo, pauchazoda kutenga motokari, uchatevera nhungamiri yemhandoi. Ichava Ford here, Chevy, Plymouth, motokari yekunze kwenyika, chero zvaingava, unofanira kuva nenhungamiri.

Ndizvo zvazviri pakururama Chikristu. Panofanira kunge paine nhungamiri.

⁴⁶ Zvino, kana munhu akati, anoenda kune mumwe munhu zvino oti...akanzwa mumwe munhu achiti, “Zvakanaka, unofanirwa kubhabhatidzwa,” uye munhu uyu haana... Pamwe, yake, imwewe chechi yanga isingabhabhatidze, vanongosasa mvura. Ndinofunga, ngatitii somuenzaniso, veMethodisti, vanobhabhatidza kana zvikakumbirwa, ndinonzwisisa kudaro. Kana kuti pamwe ve...MuKatorike, ndinofunga kuti vanongosasa mvura chete. Saka zvino kana—kana munhu akanzwa chimwe chinhu pamusoro “pekunyudzwa mumvura,” zvakanaka, haana kunzwisisa izvozvo; iye akarerwa somuKatorike. Saka anoenda kumuprisita, uye oti, “Baba, ndinonzwisisa kuti tinofanira kubhabhatidzwa nenzira yokunyudzwa mumvura. Ko chechi yedu inoti kudini pamusoro pazvo?”

⁴⁷ “Handiti, inotaura kuti—kuti tinofanira kusaswa mvura.” Kana chechi iyoyo iri iyo mhedziso yake, izvozvo zvatopera. Gakava rose rapera; chechi yakataura kudaro, uye ndizvozvo zvose.

⁴⁸ Ko dai mu...kana hama yechiBaptisti yakatinzwa tichiti tinotenda mukubhabhatidza nenzira “yekunyudzwa”? Iye anoti, “Ndinozvitenda izvozvo.”

“Uye ne muZita ra ‘Jesu Kristu.’”

Zvino, iyi—iyi nhengo yechechi inodzokera kune mufundisi zvino oti, “Mufundisi, ndanzwa mumwe muchinda achitaura kwandiri kuti tinofanira kubhabhatidzwa nenzira yekunyudzwa mumvura, zvose zvakanaka, asi nemuZita ra ‘Jesu Kristu.’”

⁴⁹ “Zvakanaka,” aizoti, “zvino, regai tione. Handiti, pano bhuku rinoti tinofanira kubhabhatidzwa tichishandisa ‘Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.’” Kana chechi iyoyo iriyo mhedziso, izvozvo zvinenge zvatopera. Haazove nebasa kuti chimwewo chinhu chinoti kudini; ndiyo mhedziso yake.

⁵⁰ Saka, sangano rose ndiro mhedziso kune vatendi varo.

Asi, kwandiri ini, nokune avo vandine tariro yokuti ndiri kutungamirira kuna Kristu, uye naKristu, Bhaibheri ndiyo

mhedziso yedu. Hazvina basa . . . Nokuti, Mwari vakati, “Shoko rose remunhu ngarive renhema, uye raNgu rive Zvokwadi.” Uye ndinotenda kuti Bhaibheri ndiro mhedziso yaMwari. Hazvina basa kuti ani zvake anotaura kuti kudini; Ndiro mhedziso.

Bhaibheri harisi bhuku rehurongwa. Kwete, changamire. Harisi bhuku rehurongwa, kana bumbiro retsika dzakanaka. Bhaibheri harisi bhuku rehurongwa, hurongwa hwakawanda, nezvimwe zvakadaro. Kwete, changamire. Harisi bhuku retsika dzakanaka. Kwete, changamire. Harisi. Uyezve haRisiwo bhuku renhoroondo, zvachose. Kana kuti, haRisiwo bhuku rezvidzidzo zvekunamata. Nokuti, iRo chizaruro chaJesu Kristu.

Zvino kana muchida kuverenga izvozvo, imi mune mapepa enyu. muri kuzvinyora pasi, iZvakazarurwa 1:1 kusvika 3, sezvo, Bhaibheri ndiro “Chizaruro chaJesu Kristu.”

⁵¹ Zvino ngatizviverengei apo tichiine nguva. Ndinotenda rangu . . . handina manotsi akawanda pano okuparidza kubva paari. Kana Ishe vakanonoka, zvinoka, tichaedza kuwana kubva maari.

Zvakazarurwa zvaJesu Kristu, zvaakapiwa naMwari, kuti aratidze kuvaranda vake zvinhu izvo zvinofanira kukurumidza kuitwa; akazvitumira nomutumwa wake ndokuzivisa kumuranda wake Johane:

Wakapupurira shoko raMwari, ne- . . . zvokupupura kwaJesu Kristu, uye nezvinhu zvose zvaakaona.

Wakaropafadzwa uyo unorava, navanonzwa shoko rechiporofita ichi, vachichengeta zvinhu zvakanyorwa imomo: nokuti nguva yava pedyo.

⁵² Saka, Bhaibheri ndiro chizaruro chakakwana chaJesu Kristu. Uye Rakanyorwa navaporofita. VaHebheru 1:1, mu . . . “Mwari, uYo munguva dzakare wakataura kuna madzibaba kubudikidza ne vaporofita, muzuva rino rokupedzisira anotaura kwatiri nomuMwanakomana waKe, Jesu Kristu,” aive vaporofita, vose havo, vaiswa pamwe chete. Jesu waiva Maraki; Jesu waive Jeremia, Isaya, Eria. Zvose zvavaive, zvaive maAri. Uye zvose zvaari, nezvose zvandiri, zviru maAri; maShoko, zvapupu zveShoko.

Saka haRisi bhuku rehurongwa, bumbiro remitemo yetsika dzakanaka, uye haRisi bhuku renhoroondo, kana bhuku redzidzo yekunamata. Harisi izvozvo. Asi iRo chizaruro chaJesu Kristu, Mwari pachaKe achizarurwa, kubva pakuva Shoko achiva nyama. Ndizvo zvaRiri. Bhaibheri iShoko, uye Mwari ndiye nyama, Mwari ari mu . . . Mwari ndiye Shoko, waro, uye Jesu ari nyama. Ndicho chizaruro, chokuti sei Mwari (Shoko) akararatidzwa munyama yomunhu, zvino ndokuzarurwa kwatiri. Uye ndicho chikonzero iYe achizova Mwanakomana waMwari; Iye chikamu chaMwari. Manzwisisa? Iye zvino, iYe haasi . . . Mutumbi chikamu chaMwari, zvekutoti unova Mwanakomana.

⁵³ Mwanakomana, semataurirwo azvinoitwa neMukatorike, “Mwanakomana wemuna Ziendanakuenda,” uye nemamwe machechi ose; shoko iroro haritomborevi chinhu. Maona? Hapangava nekunzi Ziendanakuenda, uyezve ozove Mwanakomana, nokuti *Mwanakomana* chimwe chinhu “chakaberekwa kubva pane mumwe.” Uye shoko rokuti Ziendanakuenda, iYe haangagone kuve Zienda- . . .Iye anogona kuva Mwanakomana, asi haAngagona kuva Mwanakomana wemuna Ziendanakuenda. Kwete, changamire. Haangagone kuva Mwanakomana wemuna Ziendanakuenda.

⁵⁴ Zvino, asi iYe ndiye Mwanakomana, zvekutoti, Shoko rose rakanga riri muna Jeremia, muna Mosesi, nemaShoko ose aya, sezvo iYe akati, “Anotaura pamusoro paNgu.” Chizaruro chose chiya chechokwadi chaMwari cheShoko chakazoputirwa mumutumbi wemunhu mumwe chete, uye Mwari ndokuChiputira nenyama. Ndicho chikonzero iYe akanzi “Mwanakomana,” chikonzero Iyewo achiti, “Baba.” Sei, zvakangoreruka, kana iwe ukangogona kuti Mwari vazvidurure zvidzike mupfungwa dzako. Maona? Mwari vachizarurwa mumutumbi wenyama, cherechedzai, kuzarurwa kubva munyama. . .kana kuti kubva muShoko kuve munyama. Ndiye Mutsvene Johane 1:14, “Uye Shoko rakazoitwa nyama, uye ndokugara pakati pedu.”

⁵⁵ Zvino cherechedzai Bhaibheri iri. Vamwe vavo vakati, “O, zvakanaka, Rakaita izvi, Rakaita izvo.” Asi regai ndikutaurirei chimwe chinhu, ngatingo- . . .

Handei munhoroondo yeBhaibheri, kwakanguva, tione kwaRakabva. Rakanyorwa navanyori makumi mana vakasiyana. Varume makumi mana vakanyora Bhaibheri, munguva yakareba makore chiuru nemazana matanhatu emakore, uye panguva dzakasiyana, uye vachifanotaura zviitiko zvakanyanyisa kukosha izvo zvakaitika munhoroondo yapasi rose, uye, nguva dzakawanda, mazana emakore zvisati zvaitika. Uye hapana kana pane kukanganisa kumwe mumaBhuku ose aya makumi matanhatu nematanhatu. O, zvangu ini! Hapana nyanduri kunze kwaMwari pachaKe anokwanisa kunyatsoti gedye-gedye zvakadaro. Hapana kana Shoko rimwe chete rinopesana nerimwe.

Rangarirayi, makore chiuru nemazana matanhatu pakati pavo, Bhaibheri rakanyorwa, kubvira pana Mosesi kusvikira—kusvikira parufu rwa—rwaJohane pachitsuwa, kana kuti paChitsuwa chePatimosi. Makore chiuru nemazana matanhatu, uye rakanyorwa navanyori makumi mana vakasiyana; mumwewo asingazivane nemumwe, uye ivo havana kumbova naRo se “Shoko.” Vamwe vavo havana kumboona “Shoko.” Asi pavakaRinyora, uye vakanzwisiswa kuti vaive vaporofita, zvino, pavakaisa zviporofita zvavo pamwe chete, chimwe nechimwe chazvo chakanyatsobatana chimwe kune chimwe.

⁵⁶ Tarisai pana Petro, uyo akazivisa neZuva rePentekosti, “Tendeukai, mumwe nomumwe wenyu, uye mubhabhatidzwe nemuZita raJesu Kristu kuti mukanganwirwe zvivi zvenyu.”

Pauro hapana chaakanga ambonzwa pamusoro paZvo. Iye akadzika kuArabia kwemakore matatu, kuti anonzvera Testamende Yakare, kuti aone kuti Ndiyani waiva Shongwe yeMoto uyu akataura kwaari panzira, achiti, “Sauro, unoNditambudzireiko?” Ko aigona kunge akakanganisa sei? Haana kana kumbobvunza chechi zvachose.

Zvino kwapera makore gumi nemana, paakasangana naPetro, vakanga vachiparidza zvimwe chete, Shoko neShoko. Ndiro Bhaibheri redu. Regai mashoko emumwe munhu akundike. *Iri*, hakuna munhu anokwanisa kuwedzera pariRi. Hapana chimwezve chaunowedzera paBhaibheri. Kwete, changamire. Iri ndiro Chizaruro chakakwana. Ndiro zvose.

⁵⁷ SeZvisimbiso Zvinomwe. “Zvisimbiso Zvinomwe,” mumwe munhu akaramba achiti kwandiri, “zvino muchazo... Ishe vachataura kwamuri, Hama Branham, kana Zvisimbiso izvi zvazarurwa, uye vachatiudza kuti tinoswewera sei pedyo naMwari, uye kuti tinozviita sei.”

⁵⁸ Ini ndikati, “Kwete, changamire, hazvingadaro. Nokuti, Bhaibheri, Zvisimbiso Zvinomwe zviri paRiri ndizvo zvanga zvakanzwa zvakanzika zvinomwe. Zvakanga zvakanzwa kare, asi havana kunzwisisa kuti chakanga Chiri chii.”

Tarisai muone kuti vakafamba vakadini vachikweshwa naizvozvo, vachibhabhatidzwa nemuZita ra “Jesu;” munoona, zvakanzwa zvisizvo. Zita ra “Ishe Jesu Kristu”! Munoona zvinhu zvose izvozvo, kuti zvanga zvakaite sei. Nokuti, kuna vanaJesu vakawanda; ini ndine shamwari dzakawanda pano panyika vanonzi “Jesu,” shamwari dzinoshumira. Handizvo izvozvo. Ndi “Ishe vedu Jesu Kristu.”

Hapana munyori kunze kwaMwari anokwanisa kunyatsoita nemazvo zvakadaro. Zvino ngationei kuti Bhaibheri rakanyorwa sei.

⁵⁹ Zvino, ngatitii somuenzaniso, kubva...Ngatitii kana tikaenda zvino uye tonotora mabhuku ezvekurapa makumi matanhatu nematanhatu anoshanda nezvemutumbi, akanyorwa nezvikoro makumi mana zvekurapa zvakasiyana, zana negumi nenhanhatu... kana kuti chiuru nemazana makumi matanhatu emakore pakati pavo? Handizive kuti taizobuda nekuenderera mberi kwakaita sei?

Paya, George Washington, mutungamiriri wedu wenyika, makore angaite mazana maviri apfuura, kuitira mabayo, vakadzura nzara yake yepachigunwe chikuru vakabuditsa paindi yeropa. Ko dai toti tikatora...

⁶⁰ Handei mberi zvishoma, pane zvimwe zvinhu zvinotikwezva meso kwazviri nhasi, zvesainzi. Ko kana tikatora zvesainzi zvinokwana makumi mana zvakasiyana-siyana, zvinoitika kwemakore chiuru nemazana matanhatu pakati pazvo, uye ugoona kuti tinozobuda nechii? Mumwe mazvikokota mune zvesainzi wechiFrench, makore mazana matatu apfuura, akaraidza nesainzi, nekukungurutsa bhora, kuti, kana kumhanyisa kunotyisa kukasvikwa kunodarika mamaera makumi matatu paawa, chinhu chacho chaizobva panyika uye chobva changodonha. Munofunga here kuti sainzi ingadzokera kunotoro zvakadaro izvozvo? Pachiine kubatirana nazvo here iye zvino, pavanenge vachityaira vachidzika nenzira, pamugwagwa pano apa, mamaera zana nemakumi mashanu paawa? Maona? Asi akaraidza nesainzi kuti, nesimba rebhora rinenge richimhanya nepasi, ipapo pamamaera makumi matatu paawa, kuti, chinhu chipi zvacho chaizosimuka chichibva panyika chobva chaenda, chozonowira kunze muchadenga. Kwete, hapana kufambirana pane zvakadaro.

⁶¹ Asi hapana Shoko rimwe chete muBhaibheri rinopesana nerimwe. Hapana kana muporofita mumwe chete akambopesana nemumwe. Vose vaive, mumwe nemumwe, vakakwana. Uye kana mumwe akauya uye oporofita, zvino muporofita uya wechokwadi aisimuka omutsiura, zvino zvaibva zvaraidzwa. Maona? Maona? Saka Bhaibheri iShoko raMwari, kuvatendi vose vechokwadi.

⁶² Zvino, haugone kuwana chinhu chakanyatsonanga kuti tsvikiti mune zvingabvumiranwe navanachiremba. Hautombogoni kuwana chinhu chakananga kuti tsvikiti kubva kwavari iye zvino. Haugoni kuwana chinhu chakananga kuti tsvikiti kubva musainzi zvino.

Zvino, munoziva, imwe nguva yapfuura, vakatiudza kuti . . . kuti, “Apo Bhaibheri parakataura kuti ‘akaona Ngirozi ina dzakamira pamakona mana enyika,’ kuti izvozvo hazvaigoneka. Nyika yakaita sedenderedzwa.” Asi Bhaibheri rakati, “makona mana.” Zvakanaka, zvino makaona, vhiki mbiri dzapfuura, kana vhiki nhatu dzapfuura, kwave nenguva yakadaro zvino, mapepa anga achibuditsa nyaya iyi, vakazoona kuti nyika ine mativi mana akaenzana. Vangani vakazviona izvi? Handiti, chokwadi. Maona? Ndakazvikopa zvose, ndakangomirira mumwe munhu kuti ataure chimwe chinhu.

⁶³ Uye vachazoona kuti, rimwe zuva, kuti havasi kuonawo zvakare kure-kure kuri mamiriyoni zana nemakumi mashanu emakore echiyedza. Vari kungonotenderera mudenderedzwa. Ndizvozvo chaizvo.

Uchazozviona, rimwe remazuva ano, kuti paunoenda Kudenga, haubhururuke uchienda kumwewo kunhu. Uchingori

ipo pano chaipo, zvakare, asi chete mune chimwe chinhanho chinomhanya kupfuura chino.

Nemumba muno chaimo mune mavara ari kuuya. Ruvara rwose, shati, rokwe, chingava chii chawakapfeka, chiri muna Ziendanakuenda, zviri chaipo panzvimbo pazvakanyorwa, zviri kungotenderera nokutenderera pasi rose. Nguva yose yaunobwaira maziso ako, zvinobva zvanyorwa. Tarisai, terevhizheni inozviratidza izvozvo.

⁶⁴ Paunozvarwa, Mwari vanobva vabatidza rekodhi. Haiite. . . Ukabatidza rekodhi, hariite ruzha kwechinguvana, munoziva. Ndiko kacheche kaduku, kudzamara kasvika pazera rokuzvidavirira; zvino ipapo ruzha rwunotanga, anotanga kutaura zvinhu nokuita zvinhu zvaanofanira kupindurira. Zvino ipapo kana hupenyu ihwohwo hwaguma, rekodhi iyoyo kana kuti tepi iyoyo inobviswa yoiswa mu—muraibhurari huru yaMwari. Zvino, ko iwe uchazvinzvenga sei paChigaro Chekutongwa? Inonyatsoridzwazve zvakare pamberi pako chaipo, kamufambiro kese kawakaita, pfungwa yose yakapfuura nemundangariro dzako. Muri kuzviona here? Zvino muri kuona here apo Mwari. . .

⁶⁵ Ndakamira pano, mamwe manheru, pakambenge paine mumwe murume papuratifomu, murume murefu, ane mhanza, muchinda ane huso hunoratidzika zvakanaka kwazvo, akasimba. Zvino iye akabuda. . . Ishe vakanga vamuudza zvinhu zvakawanda chaizvo pamusoro pemhuri yake uye nezvaaifanira kuita. Zvino akabuda ndokunogara pasi. Mushure memaminitisi mashoma, hepanoi pakauya pamberi pangu mumwe murume akaita saiye, asi akanga akatsikitsira musoro wake pasi. Handina kugona kuziva, zvino ndokutarisa kumurume uyu zvakare kunze uko; uye iye. . . Aive asiri iye, nokuti chakanga chiri chimwewo chinhu. Zvino murume uyu, handina kugona kuchiona. Ndakatarisa-tarisa, paiva pasina munhu kumashure, kwangu. Ndikati, “Murume wacho akagara mukati memaketani ayo.” Uye akanga ari wedu. . . hama inouya kucheche pano, murefu, ane mhanza, muchinda ane chiso chakati nakei agere ipapo saizvozvo. Zvino aiva nemusoro wake wakatsikitsira pasi, achinamata, nokuti akanga ave pedyo nokufa nedambudziko remudumbu.

Akange ari kuzowana peya yeshangu. Mudzimai wake aida kuti awane imwe peya yeshangu itsva. Iye ndokuti, “Kwete, handisungirwe kudziwana, nokuti handisi kuzorarama kuti ndidzipfeke.”

Akange ari kufa. Zvino agere ipapo, munoona, muchiyero ichocho, hareruya, Mwari vakangopinda imomo uye ndokuti, “Heuno agere apo,” magariro chaiwo aainge akaita. Munoona zvandinoreva?

⁶⁶ Zvino cherechedzai, uye hapana kana pakanganisika muMagwaro. Jesu, Shoko raMwari, anoona pfungwa iri mumwoyo. “Shoko raMwari rakasimba, rinocheka zvakapfuura,” vaHebheru 4:12. “Shoko raMwari rakapinza, rine simba kupfuura munondo unocheka namativi maviri, kunyange nokunzvera pfungwa nezvinangwa zvendangariro.” Maona? Kunyatsoenda kudzika mupfungwa, uye nokubuditsa kunze, nokunzvera. Chii *kunzvera*? “Kuzivisa, kuzarura.” Uye izvozvo ndizvo zvinoitwa neShoko raMwari.

Nhasi tinoti, “Kereke yeKatorike ndiyo Shoko raMwari; maBaptisti, maMethodisti, maPentekosti, tabhenakiri.” Ikoko kukanganisa. Shoko chizaruro; Mwari, vachizarurwa neShoko.

⁶⁷ Kwete, taigona kunge takawana...kuwana kuwirirana pakati pevana chiremba, pakati pavana mazvikokota vesainzi, nevakasiyana-siyana.

Dai Einstein akanga aine chikamu chemashandisiro chepamweya, sezvaaive ne—nechikamu chemashandisiro chepanyama, paainzvera mirairo yechiedza, nezvakadaro, aigona kunge akatiudza chimwe chinhu. Pandakanzwa nhaurwa yake pamusoro penzvimbo huru iri pane imwe nzvimbo mukati memuchadenga, yokuti, “Kana ukabatana nemuzinda iwoyo, unokwanisa kusika nyika, kuita chipi zvacho, uye simba racho rinenge risina muganhu.” Maona? Akanga azviona.

⁶⁸ Munooa tuzvitsumbu tuduku utwu tunofamba muchadenga, vanozviti “ndiro,” nezvakadaro. Vanhu va... Zvokuti, zvakanaka, regai tisiye izvozvo zvakadaro. “Munonzwa zvevanhu vose avo vanozererekana vashaikwa?” munotaura kudaro. Hamunzwe kubva kwavari; vakamira ipapo, zvakare havapo ipapo.

Ndiyo nzira ichange iri Kubvutwa. Chimwe chazvo chichadonha pasi, uye mutumbi uyu wepanyika uchapfeka mutumbi wekudenga. Uye ichave...ganda, bvudzi, kana mapfupa achasara; uchashandurwa kamwe-kamwe, uchidonha kubva muchadenga uye nokutakura uyu kuMusha. Tiri kuona zvose izvi zvichiitika iye zvino, uye iyo—uye iyo Pentagon iri kushamisika nokuda kwezviyedza izvi, nezviyedza zvisinganzwisisike, nezvose zvavari kuona mu—muchadenga. Makaona vakanga vaine chimwe chete chazvo mupepa muJeffersonville svondo rino, nezvimwe zvakadaro, “chiedza chisinganzwisike.” Saka, o, havazivi kuti ichocho chii. Asi teerera, vana vaduku, Chichazouya kuzokutakurai, nerimwe remazuva ano. Maona? Maona? Regai kunetsekana.

Rangarirai, Jesu akati, “Sezvazvakange zvakaita mumazuva eSodhoma.”

⁶⁹ Chii chakaitika kumashure kweSodhoma? Mwari vakaburuka vaine dzimwe Ngirozi, uye Dzakave nekuferrefeta kwekutonga. Ndokuti, “Ndanzwa kuchema, kwekuti

yanyanyisa kuita zvivi, zvanyanya kukura, saka ndadzika pasi kuzonyatsoona kuti ichokwadi here kana kuti kwete.” Ndizvozvo here? Tarisai Iyo huru iya yakagara naAbrahama, yaikwanisa kunzvera pfungwa dzaiva mumwoyo waSara, shure kwaKe.

Zvino, iwe tarisa kwose kwakapoteredza kwekanguva uye ugocherechedza, uone, tarisa uone zvaIri kuita, zvinhu zvimwe chetezvo nhasi. Kuferefeta kwekutonga.

Sei, shure kwakanguva, iyo Chechi, kana Ikagona kugara panzvimbo iyoyo, uye mbewu imwe neimwe yaunzwa panzvimbo yayo, vachabva vaenda. Havazozivi kuti chii chakaitika kwavari. Mumwe achange achienda neimwe nzira. Maona? Mumwe achange achienda kumba kwemufudzi, mumwe achange achienda *apa*, kana kuzasi *uko*, uye, chinhu chekutanga chamunoziva, havasisipo. Nokuti Enoki iye aive mufananidzo, “Mwari vakamutora, uye haana kuzoonekwa.” Ndokuuya kuzoferefeta! Kuenderera mberi kwekubatana, kuti iko kushandurwa kwaEnoki, mufananidzo weIsraeri ichtakurwa nokuyambutswa muareka . . .

⁷⁰ Rakanyatsokwana, Shoko raMwari rakanyatsokwana, kunyange kuTestamende Yekare neItsva, zvidimbu zvepakati-nepakati zviviri nechimwe chete chakazara. Ndizvo chaizvo. Testamende Yakare chidimbu chepakati chaRo, uye Testamende Itsva chidimbu chapakati chaRo; ukaZvibatanidza zvose pamwe chete, unenge wava nechizaruro chose chaJesu Kristu. Hapanoi apa vaporofita vari kutaura, uye heunoyi iYe ari muMunhu; munoono, zvidimbu zvepakati-nepakati zviviri nechimwe chete chakazara. Zvino hatidi kutora zvakawandisa . . .

⁷¹ Zvino, rangarirai, Testamende Yakare haina kukwana pasina Itsva. Uye Itsva haizokwana pasina Yakare. Ndicho chikonzero ndati zvidimbu zvepakati-nepakati zviviri, chimwe chete chakazara. Nokuti, vaporofita vakati, “Iye achave pano! Iye achave pano! Iye achave pano; ivo vachaita *izvi* kwaAri. Ivo vachaita *izvi* kwaAri!” Zvino Ari pano, “Akanga ari pano! Akanga ari pano, zvino vakaita *izvi* kwaAri, zvino vakaita *izvi* kwaAri.” Ndichangobva mukuparidza nezvazvo husiku hushoma hwaridzika.

⁷² Zvino, kuitira kuti tigonzvera Gwaro, Pauro akaudza Timotio, “Rinzvere, uchinyatsopatsanura Shoko raMwari nemazvo, rinova riri Chokwadi.”

Izvozvo ndeizvo zvitatu zvakafanirwa muRugwaro. Mukushandisa Shoko raMwari, pane zvinhu zvitatu zvausingafanirwe kuita. Zvino ngatizvinzverei kwemaminitsi gumi anotevera; zvinhu zvitatu zvausingafanirwe kuita. Uye nekwose kunze munyika, pose pamuri, kwakapoteredza nyika yese, ivai nechokwadi kuzvinyora mupfungwa dzenyu kana musina chinyoreso. Haufanire kuita zvinhu izvozvi. Tinokuudzai

nguva dzose kuti munofanira kuita sei, zvino ndave kukutaurirai zvamusingafanirwe kuita.

⁷³ Zvino, haufanire kududzira zvisirizvo Shoko. Unoti, “Zvakanaka, ini ndinotenda kuti Rinoreva izvi.” Rinongoreva zvaRinotaura. HaRidi mududziri. Uye haufanire kuisa Shoko panzvimbo pasiri ipo. Uye haufanire kubvisa Shoko panzvimbo yaro. Zvino kana tikaita chimwe chete chaizvozvi izvi, zvinobva zvakanaira Bhaibheri rose mukukanganisika uye nemunyonganyonga.

⁷⁴ Cherechedzai. Zvino kududzira Jesu zvisiri izvo, ari muchimiro chaMwari ari mumunhu, unozoMuita—unozoMuita Mwari mumwe chete kubva mune vatatu. Kududzira zvisirizvo Jesu Kristu ari Shoko, unoMuita Mwari mumwe chete kubva mune vatatu, kana kuti unoMuita Munhu wechipiri muhuMwari. Uyezve mukadaro, unobva wavhiringidza Gwaro haro rose. Hapana kwaunombosvika. Saka haRifanirwe kududzirwa zvisiri izvo.

⁷⁵ Uye kana ukataura kuti chimwe chinhu, woisa dudziro paRiri, uye woRiisa kune imwe nguva; kana kuti Rakanzi ndere imwe nguva, unoitawo zvakare dudziro isiri iyo.

⁷⁶ Kana mumwe munhu akadudzira Jesu Kristu zvisiri izvo muBhaibheri, kuti haasi Mwari pachaKe, woMuita Munhu wechipiri, kana kuti Mwari mumwe chete kubva pane vatatu, izvozvo zvinobva zvaavhiringidza Shoko rese riri muBhaibheri rose. Zvinobva zvatyora murairo wokutanga, “Haufanire kuva nomumwe mwari mberi kwaNgu.” Zvakanaka. Izvozvo zvinobva zvaita kuti rudzi rwose rweMakristu vave boka revanamati vechihedeni vanonamata anamwari vatatu vakasiyana. Muri kuona mhando yeBhaibheri yamunozova nayo? Zvino zvinozotiita zvakanaurwa namaJudha kuti ndizvo zvatiri. Vakati, “Ndeupiko pakati pana mwari ava ari Mwari wenyu?” Maona? Saka, muri kuona, haugone... Haufanire kududzira Bhaibheri zvisiri izvo.

Nokuti, Jesu pachaKe ndiye dudziro yeBhaibheri, apo paAnenge achiratidzwa muzera rekuti chikamu ichocho cheMutumbi waKe unenge uchiratidzwa. Kana riri zera reruoko, rwunofanira kuva ruwoko; harigone kuva zera remusoro. Kana riri zera reizwi, zvakanaka, zvino, harigone kuva zera retsoka. Maona? Uye zvino tave pazera reziso. Zvino chinozotevera, ndiYe pachaKe, kuti auye. Kuona; zvechiporofita!

⁷⁷ Munoono, zvichidzika nemuzera, takatangira kubva panheyo, kubva pazera rokutanga rekereke; apo Mbewu payakapinda muvhu, Mbewu yakakwana. Zvino ndokubuda nemutsoka, Ruther; ndokudzoka zvakanore nomuna Whisiri; zvino ndokupinda mumaPentekosti, ndimi, mumiromo, munoono; iye zvino zvasvika pamaziso, zvechiporofita, zvaMaraki 4, nezvakadaro. Uye zvino hapasisina chimweve chasara kuti

chiuye kunze kwaiYe pachaKe kuti achipinda muna izvozvo, nokuti ndicho chinhu chokupedzisira chiripo.

Chinozotevera injere, uye isu hatina njere dzedu tega; ndedzaKe. Hatina meso edu timene. Ko munhu angafanoona sei zvinhu izvozvo? Haagone kuzviita. NdiMwari pachaKe. Munoono, zva—zvava kusvika panzvimbo. Uye Anga achitonga mutumbi nzira yose, zvino Mutumbi wakakwana waKristu unozarurwa muchimiro cheMwenga wakatorwa kubva parutivi rwaKe, sezvakaita Adhama pakutanga...sezvaiva zvakaita waAdhama, waro, pakutanga.

⁷⁸ Hongu, “mwari,” izvi zvinobva zvaisa Bhaibheri rose mukuvhiringika, kutyora murairo wokutanga, uye wogadzira mwari, mwari wechihedheni wevatatu. Zvinobva zvango—zvinobva zvangovhiringidza mufananidzo wose weBhaibheri. Saka haufanire kududzira Bhaibheri zvisiri izvo. Zvino, ichocho chingori chinhu chimwe chete.

⁷⁹ Apo, Gwaro rose muBhaibheri rine mashandisirwo mamwe chete, unofanira kuRiisa panzvimbo yaRo. Uye kuRiisa panzvimbo isiri iyo, ungasoMuita Mwari mune rimwe zera, uye—uye zera rinotevera unozoMuita nhorooondo, kuRiisa panzvimbo isiri iyo. Saka haufanire kuisa Gwaro panzvimbo isiri iyo. NdiMwari nguva dzose. Kana ukaMuita Mwari wenhorooondo nhasi, aivepo shure uko, uye haAsi mumwe chete nhasi, ko zvino uchazoitei nevaHebheru 13:8? Munoono, “Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.”

⁸⁰ Zvino, saka ona kuti izvi zvaizoitei, uye kuti zvakaitei. Zvakatozviita kare, kuMuita kuti Arambe Shoko raKe pachaKe, kuisa Magwaro panzvimbo isiri iyo.

⁸¹ Kubvisa Magwaro panzvimbo yawo, ungangobatanidza mutumbi waKe zvisiri izvo, tsoka panofanira kunge paine musoro, kana zvakadaro. Sezvakangoita...Namamwe mashoko, ungasove naJesu achidzidzisa mharidzo yaMosesi. Ungazove...kana kuti Whisiri achidzidzisa zera raRuther. Ungazova iye zvino, nezera redu, richidzidzisa Pentekosti, mharidzo yePentekosti. Muri kuona here kuti Rinenge rapinda mukukanganisika kwakadini? Pentekosti yakatoratidza mavara ayo kare. Ruther akatoratidza ake kare, ndokunoita sangano. Rakafira ipapo. Zera rakasvika; rikabva rapera.

⁸² Cherechedzai, ipapo payakangoita sangano, yakabva yafa. Zvino, chingoonai kana zvisiri izvo. Tarisai kumashure nemumapeji enhoroondo. Nguva yose payakaita sangano, yaibva yafira ipapo; hapana zvayaizombove zvachose. Yaibva yava mu—munamati wamwari wenyika ino, yobva yatsaukira kuzvimapoka, nehurongwa, nemasangano, nokuona zvisirizvo. Boka ravana Riki rakapinda imomo uye ndokuisa kuramba kwavo mazviri, kana kuti ndokupfekedzera pfungwa dzavo, waro, mairi. Zvino chii chakazoitika? Yakazove marara.

Zvichazogumisira zvapinda muna mwari wenyika ino, apo pavachapa chigaro chokutonga kuna Satani pachake, vachifunga kuti vave nemutungamiri mukuru wepasi rose anovaunzira rugare.

⁸³ Ndakakutaurirai zuva riya, ndichazviturea zvakare, kuti kunyange budiriro yehungwaru pachayo nhasi inopesana zvachose naMwari. Budiriro yehungwaru inopesana naMwari. Dzidzo iri mamiriyoni emamaera kubva paAri; sainzi iri mamaera miriyoni. Sainzi nedzidzo zviri kuedza kushaisa Mwari maturo, munoona, kubudikidza nemaseminari edzidzo yebhaibheri nezvikoro, nedzimba dzesainzi, nezvimwe zvakadaro. Zvakava nekuzunguzwa kwazvo.

Ko chiratidzo chiya husiku huya, chemurume akashevedzera kune vanhu vaye vesainzi kuzasi kuya pavaidururira zvinhu zviya mukati saizvo? Vakangotendeuka ndokutarisa mudenga, ndokuenderera mberi. Pachava nekumwe kutasva zvakare.

⁸⁴ Cherechedzai, o, zvitatu zvakafanira izvi zvinofanira kuvepo. Zvino, haukwandise... Jesu haana kuuya achiparidza mharidzo yaNowa. Haana kuuya achiparidza mharidzo yaMosesi. Kanawo, Mosesi haana kuuya achiparidza... Munoona, usaise Rugwaro panzvimbo isiri yaro. Rinofanira kuva munguva yacho. Zvino, haukwandise kushandisa... Apo munhu uya mukuru, John Whisiri, paakabuda, kana...

Munhu mukuru, Ruther, Ruther paakabuda nemharidzo yake yekururamiswa. Zvino pazvakanga... Ruther aive munhu mukuru. Akadanira chechi kubva murima, uye ndokugadza kururamiswa nokutenda. Uye paakazviita, ivo vakavaka sangano pamusoro pazvo, uye yakabva yafa. Hupenyu hwakafamba, sezvazviri mugunde regorosi, kudzamara kupinda muzera raWhisiri, kusvika mumuchekechera. Kubva muna Ruther makabuda mamwe mashizha, akabva afa pamwe chete nayo, akanga ari Zwingli, naCalvin, uye navamwe vose vakabuda kubva mukuvandudzwa kukuru kuya.

⁸⁵ Zvino pakazouya Whisiri, rimwe zera rakadombera ndokuva muhekechera. Hwisiri, naAtterbury, navose vaya, na—naJohn nemukoma wake, nevamwe vose, varume vakuru vaMwari vaiva nemharidzo, ndokungotsvaira nyika. Vakaiita sangano; uye ndokubva yafa.

Zvino ndokuzouya ichinyatsoita sokunge ichazobereka mhodzi zvino, uye, ndokuzoona kuti, chakanga chiri chikwande, Pentekosti.

Asi kumashure museri mezvo zvose, makazouya bukira duku.

Uye munocherechedza, kazhinji... Ndinofunga, mumakore matatu kana mana shure kwekunge Ruther anga ari mumunda wekuvhangera, ipapo chechi yeRutherani yakaitwa sangano.

Mushure mekanguva kashoma Whisiri abva mumunda wekuvhangera, yakaitwa sangano.

⁸⁶ Tucson, takava ne—nehurongwa hunoratidza kuti chechi yeHwisiri, kana kuti chechi yeMethodisti, yakavepo sei. Uye pavakauya kuAmerica kuno, vazhinji vavo vakanga vadzoka uye vakati vakanga vagadza bu—bumbiro rezvirongwa nezvakadaro, kubva kuHingirandi, kuti vazviunze kuno, uye kuti zvose zvakanyatsoratidzwa sei mumutambo. Ndakabva ndaona ipapo zvakaitika. Ipapo ndipo payakafira.

⁸⁷ Zvakanaka, ipapo pakabva pabuda zvePentekosti, vaya vaishevedzera shure kumazuva ekare-kare, ndokuwana chipo chekutura nendimi, ndokutanga kutaura nendimi. Zvino ivo ndokutumidza kuti, “chiratidzo cheMweya Mutsvene.” Zvino ndokuita sangano. Mumwe akati ari kuzonoita *zvakati*, uye mumwe *zvokuti*, uye vakange vaine zvakabuda nezvakabuda. Zvakazoitei? Rimwe nerimwe remashizha rakabhedhenuka, sezvarakangoita mugunde uye sezvarakangoita pamuchekechera. Vakazova neveoneness, twoness, threeness, nechurch of God, nedzimwe dzose idzi; ndokungobhedhenuka, nokubhedhenuka, nekubhedhenuka.

Asi zvino, zvichienderana nemasikirwo ezvinhu, zvinova muenzaniso wakakwana, haukwanise kuva kana chimwe chinhu chinokwanisa kuBuditsa mazviri nedzidzo.

⁸⁸ Imwe mhuri, yeshamwari dzangu zasi muKentucky, vanga vachangova nekamwana kaduku—kaduku kakazvarwa pane rimwe zuva, uye amai vacho vakanga vakamira apo pavaibika kudya kwedu kwemasikati. Zvino vakanga vachibatsira imwe hanzvadzi kubika kudya kwemasikati kweboka redu revarume vakanga vabva kunze kunovhima. Zvino mwana akatanga kuchema, uye ini ndaitaura. Ndinofunga amai vacho vakanzwa kuzvinyarira zvishoma, saka vakamhanya ndokutora mwana, uye—uye ndokutanga ku—kuyamwisa kamuchinda kaduku aka. Ndikati, “Munoziva, anongori masikirwo ezvinhu.” Maona? Zvino, haukwanise. . .

Havasati vambowana chero nzira iri nane yokuti mwana awane zvaanoda kunze kwekuzvichemera. Zvino, unogona kumupa bhu—bhuku remitemo, zvino wogara pasi ipapo uye woti, “Ndinoda kukudzidzisa dzidzo yebhaibheri, mwanakomana. Zvino, usazoita zvokungozhamba pano sezvinoita vamwe vana; iwe wakatosiyana. Zvino, kana uchida kuti upihwe chikafu, iwe ridza kabhero kaduku aka kari kuno uku.” Hazvitongoshandi. Kwete, izvozvo hazvitongoshandi.

⁸⁹ Saka, ukatarisa zvinhu zvakasikwa, zvino tinoona apo zera roga-roga, uye zvakanyatsorongwa kuti tiri muzera rokupedzisira. Chikwande chazvibvisa chichizvisudurudza. Uye takava nemakore gumi nemashanu, ave kuda kutosvika makumi maviri zvino, makore, eMharidzo ichitsvaira kwose-kwose

kubva mune imwe nyika kuenda kune imwe nyika, uye mangwanani ano nhepfenyuro yakabatidzwa munyika ino yose, munoona, uye hapana sangano. Haigone kuita sangano. Hakuna kumbove neyakadaro, kana ichazovapo shure kwaizvozvi. Maona?

Chi—chinhu chine basa paMharidzo nhasi, ndechekuti, avo vanoIgamuchira mumwoyo yavo vanofanira kugara muHupo hweMwanakomana, kuti vaibviswe. Maona? Unokwanisa kutora Mharidzo, uye zvino wogotendera Mwanakomana kuti abike humbishi hwose hubve mauri, munoona, kugadzira Makristu akaibva. Munoona zvandiri kureva? Mwari vari kuuya nekukurumidza, kuzogamuchira Chechi yaVo, uye tinofanira kuva nemhando yeMakristu akadaro okuti iYe agamuchire. Iro—iro gorosi rinofanira kuibva. Zvose zvakanaka.

⁹⁰ Izvi zvitatu zvakanfanira zvinofanira kuvapo. Hamufanire kududzira zvisirizvo, kana kuRibata zvisirizvo, kuRidudzira zvisirizvo, kana kusa-...kana kuti kuRibvisa panzvimbo yaro. Rinofara kunyatsochengetedzwa nenzira chaiyo yakanzi naMwari ndizvo zvayaive.

Kunyika, iRo iBhuku rechakavanzika. Vanhu vanotenda kuti Ringori Bhuku rakavanzika. Imwe nguva ndaitaura nemumwe murume ane mukurumbira muno muguta, ane huchapupu hwakakura paChikristu, uye iye akati, “Ndakaedza kuverenga Bhuku reZvakazarurwa humwe husiku.” Ndokuti, “Johane anofanira kunge akadya chikamu chakakura chemhiripiri inovava uye ndokuva nehope dzemadzikirira.” Munoona, Bhuku rechakavanzika.

⁹¹ Asi, apo kumutendi wechokwadi, iCho chizaruro chaMwari ari kuzarurwa muzera ratiri kurarama mariri. Akati, “Mashoko aNgu Mweya neHupenyu.” Jesu akataura kudaro. Zvakare, “Shoko iMbeu iyo yakadyarwa nemukushi.” Tinoziva kuti izvozvo ichokwadi. NdiMwari muchimiro cheShoko, uye rinongogona kududzirwa bedzi naiYe omene.

Pfungwa yemunhu haigone kududzira pfungwa yaMwari. Ko iyo pfungwa duku—duku inoguma ingaduzire sei Pfungwa isingagume, apo tisingagone kududzirana pfungwa dzedu pachedu?

⁹² Zvino mukacherechedza, Ndiye Oga anogona kuRidudzira, uye iYe anoRidudzira kuna iYe waanenge achida. Harina kuti, “Vanhu vanofa vakare, sezvavaifamba panyika munguva dzekare nemitowo yakasiyana-siyana.” “Mwari, munguva dzekare uye nemitowo yakasiyana-siyana akazvizarura pachaKe kuvaporofita vaKe.” Maona?

⁹³ Uye, cherechedzai, “Kuna iye waAnoda kuRizarura.” Uye iYe akanyatsozviringa zvokuti iYe anokwanisa kuZvivanza muGwaro, kubva kune mudzidzi webhaibheri akanyotsongwara ariko. O, ini zvangu! Anokwanisa kungoZvivanza, onyatsogara

imomo muGwaro, uye ugonyatsotarisa muswere wose wezuva uye ugotadza kuzviona; wogotarisa upenyu hwese, uye wotadza kuzviona. Anogona kungonyatsoZvivanza, agere ipapo.

⁹⁴ Zvino, ndapota, kwose-kwose, regai izvozvvo zvinyatsosinina mukati. Kuti, Mwari, muShoko, vanokwanisa kuzvivanza pachaVo mukati meShoko, zvokutoti hapana mudzidzi webhaibheri kana chikoro munyika chingagona kuMwana, asi zvakadaro Anenge agere imomo chaimo.

Iwe unoti, “Ndizvozvo here, Hama Branham?”

Ko vaFarise nevaSadhuse? Ko muzera roga-roga? Akazviita. Chokwadi. Akaita saizvozvo muzera roga-roga. Zvino tinogona kunyatsozviongorora. Ngatifungei nezvemazuva aNowa; chizvarwa chakangwara, chenjere, kuti AkaZvivanza sei muShoko raKe rakavimbiswa. Mumazuva aMosesi, kuti AkaZvivanza sei. Mumazuva aEria, kuti AkaZvivanza sei. Mumazuva aJesusu, kuti AkaZvivanza sei. “Akanga ari munyika, uye nyika yakaitwa naYe, asi nyika haina kuMuziva. Akauya kune VoKwake; VoKwake havana kuMugamuchira.” Maona?

⁹⁵ Iye Anozvivanza kubva kune munhu akangwarisa, wenjere ari panyika. Unoti, “Zvakanaka, ava ndi Dr. Baba Vatsvene *Nhingi-nhingi*.” Handina basa kuti ndiani iyeye, Mwari Vanozvivanza kubva kwaari; uye vogozvizarura kune vacheche vanokwanisa kudzidza, munoono, vacheche vaMwari, mbewu yakafanotemerwa.

⁹⁶ Pafungei. Mwari Mukuru, Akagara mumaShoko aKe, achipofomadza vanhu vakachenjera, vakadzidza vezera rino, uye havazvione. Vanongofunga kuti iboka rekupengereka. Muonei Akamira ipapo achizvivanza, kumaPentekosti, maBaptisti, maMethodisti, Presibhatariani. Ozvizarura pachaKe chaizvo pachena, uye achiratidza zvinhu zvakasiyana-siyana, kunyange kutozviisa mumapepa, nezvinhu zvakadaro, asi kunyange zvakadaro havazvione. O, Mwari wedu, mukuru sei, kuZvizarura kune uyo waAnoda.

⁹⁷ “O,” iwe unoti, “Hama Jones kana Hama *Nhingi-nhingi*, iye—iye munhu mukuru. VachatoZviona.” O, kwete. Iye anoZvizarura kune waanoda iYe. Woti, “Mudzimai wangu haAzvione, uye mudzimai weChikristu.” Iye anoZvizarura kune waanoda iYe. “Zvakanaka, mufudzi wangu munhu mukuru.” Ndizvozvo chaizvo, asi iYe anoZvizarura kune waanoda iYe. Zvino, yenzanisayi nezvakambozarurwa, kune zviru kuitika, zvino munozo- . . .munozonyatsonzwisisa.

⁹⁸ Zvino tinocherechedza zvekare, zvinoRiita iro Bhuku raMwari kwete bhuku romunhu. Dai Raive remunhu. . .Zvino ngationei kuti RaiZviratidza sei. Wonai kuti Rinofumura sei zvivi zvevarume vakaRinyora, cherechedzai, varume avo—avo vakararama muzuva Raro.

Abrahama, somuenzaniso, anonzi “baba veavo vakatendeka.” Cherechedzai kuti izvo. . . Imi munofunga kuti Abrahama angadai akanyora Bhuku iri nezvake, pamusoro pehumbwende hwake? Ko munofunga kuti iye angadai akanyora kuti akanyepa kuna mambo mangwanani aye, uye achiti iye aive hanzvadzi yake, apo aive mudzimai wake? Raizogona kunyora nezvemabasa ake ehumbwende ayo aakaita? Chokwadi, haaigona kumbozviita.

⁹⁹ Ko tomboti Jakobho nehunyengeri hwake? Kamunyengeri kaduku ndizvo zvaiva Jakobho. Zvino mu—mu—murume, muHebheru achinyora nezvemukoma wake muHebheru, kuti maari Israeri yose yakadanwa, kuti iye angadai akatomboedza here kunyora nezvehunyengeri hwababa chaivo verudzi rwose? Muna Jakobho, makabuda madzitateguru; kubva mumadzitateguru, makabuda iwo marudzi. Zvino dombo renheyo rezvose izvi, Bhaibheri rinomufumura semunyengeri. Ndizvozvo here? Munofunga kuti munhu aigona kunyora zvakadaro? Kwete, changamire.

¹⁰⁰ Ko pamusoro pemunhu achinyora nezvamambo mukurusa wavakambova naye panyika pano, akagadzwa samambo; Dhavhidhi, mukuita kwake hupombwe? Ko maJudha aya angadai akanyora here pamusoro pamambo wavo anoremekedzwa kuti aive mhombwe?

O, tine nhoroondo, sokuti, “George Washington haana kumbobvira ataura nhema,” nezvimwe zvinhu zvakadaro. Tinoti, ndiyo inonzi nhoroondo.

Asi uyu ndiye murume, Bhaibheri rinoti Dhavhidhi “imhombwe,” uye iye aive. Mambo weIsraeri, mhombwe yaizova iyo mwanakomana. . . Jesu aizove Mwanakomana waDhavhidhi. Iro racho Dombo rakatesva repamusoro; uye baba vaKe, maererano nepanyama, vaive mhombwe. MaJudha havaimbofa vakanyora Bhuku rakadaro. Ko munhu unganyora zvakadaro pamusoro pake? Chokwadi kwete.

¹⁰¹ Ko zvaizodini norudzi rwunozvitutumadza rweIsraeri? Munoziva kuzvitutumadza kwavaive nako. Rudzi rweIsraeri rwunodada, rwoenda kunonyora nezvekunamata kwavo zvimupunzo, kunyora nezvekupandukira kwavo Mwari, kunyora zvichipesana nezvinhu zvetsvina, zvinyangadzo zvavakaita, uye vozvinyora zvichiiswa mubhuku? Vangadai chokwadi vakatozvivanza. Vaizongoratidza izvo chete zvakanaka. Asi, iri Bhaibheri, rinotiudza zvakanaka nezvakaipa. Izvozvo, chero ani hake anoziva kuti maJudha havaimbofa vakanyora Bhuku rakadaro, pamusoro pehutsvina hwavo, nokunamata zvimupunzo, nokukundika, nezvimwe zvose zvavaiva nazvo. Havaizombofa vakanyora izvozvo. O, kwete.

Saka, Ndiani akaRinyora? Bhaibheri rakati, muna vaHebheru 1:1, “Mwari, munguva dzakare uye nemitowo yakasiyana-siyana wakataura kumadzibaba kubudikidza navaporofita.” Zvino, vaive vasiri vaporofita, akange asiri uyo anofa. “Mwari!” Kwete “vaporofita munguva yakare.” Asi, “Mwari, munguva yakare, nemitowo yakasiyana-siyana wakataura kumadzibaba kubudikidza ne vaporofita.”

Ndine Rugwaro rwakanyorwa zasi pano. Handizive kuti iRo chii; Handikwanise kudzoka kwaRiri. Kazhinji, kana pane zvinhu zvandinodzokera kwazviri, ndinenge ndakatarisa Rugwaro. Ndichangoritsvaga kweminiti, kana mukambondiregererawo. NdiTimotio Wechipiri 3:16. Nda—nda—ndafunga kuti ndinchazvirangarira, asi ndine urombo. Ndichambomira kweminiti kuti ndione kuti chii.

¹⁰² “Mwari, munguva dzakare uye nemitowo yakasiyana-siyana wakataura kumadzibaba kubudikidza navaporofita.”

Zvino Timotio Wechipiri 3, 3:16. Ngationei kuti inoti kudii muna 3:16.

Rugwaro rwose (hongu) rwakapiwa nokufemera kwe (Vaporofita? Kwete)...kufemera kwa (Chii?) Mwari, rwunobatsira pakudzidzisa, nekutsiura, nekururamisa, nekuraira mune kururama:

Kuti munhu waMwari amire akakwana, akagadzirirwa zvizere kune mabasa ose akanaka.

¹⁰³ Zvakanaka, zvino, Gwaro rose rakanyorwa nokufemera. Jesu, pano panyika, wakati matenga nyenika zvingapfuure hazvo, asi Shoko raKe harigone. Wakati iye Gwaro rose rinofanira kuzadzikiswa. Saka zvinoka Bhuku racho harisi bhuku rezvinyorwa zvemunhu. MaBhuku ezvinyorwa zvaMwari.

¹⁰⁴ Zvino, tinoziva kuti Mwari vakasarudza Chechi yaVo kubudikidza nokufanotemera, nzvimbo yaVo, vaporofita vaVo, uye zvose nezvazvo. Kubudikidza nokufanoziva, iVo vakafanotemera muporofita waVo. Zvino kana zera racho rasvika, Vakange vaine muporofita waVo aizosvika nguva imwe cheteyo, uye nokumufemera paVainge vachinyora Bhaibheri kubudikidza naye. Zvino, Mwari vakanyora Bhaibheri nokungoshandisa bedzi muporofita, nokuti ndiyo nzira yaVo yokuzviita. Saka, chionai, harizi shoko...Saka, chionai, iRo ndiro Shoko raMwari, kwete shoko remunhu.

¹⁰⁵ Mwari atori Munhu. Mwari vanogona kutaura. Mwari vanogona kureva. Mwari vanogona kunyora. Havaisungirwa kunge vakazviita nenzira iyoyo, asi ndiyo nzira iVo—iVo vakasarudza kuzviita. Havaisungirwa kuzviita nenzira iyoyo, asi iVo vakasarudza kuzviita nenzira iyoyo. Zvino iwe unoti, “Mwari vakanyora nemunwe waVo, munwe waVo Vomene unoshamisa, mirairo ine gumi. Saka Mwari vaigona kunyora, Vomene, dai

Vaida kuzviita.” Maona? Asi iVo—iVo vakasarudza kuRinyora kubudikidza nevaporofita, munoono. Nokuti zvakange zviri zvizenga zvaVo, Shoko raVo, raVakaradidza nemavari, zvese zvichiitwa chidimbu, kana chidimbu chaVo. Maona? Ivo vaigona kunyora nemunwe waVo. Ivo vakatora zvakare munwe waVo vakanyora pamadziro eBhabhironi, “Iwe wayerwa muchikero ukawanikwa usina kukwana.” Ivo vakanyora nemunwe waVo Vomene.

¹⁰⁶ Mwari vanogona kutaura. Unotenda kuti Mwari vanogona kutaura? Ivo vakataura naMosesi pagomo, mugwenzi raipfuta. Unozvitenda izvi? Hongu, changamire. Ivo vakataura naJohane, muchimiro chenjiva, (unozvitenda izvi?) kuti, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa uYo waNdinofarira kugara maari.” Vakataura naye. Ivo vakataura naJesu Pagomo Rekushandurwa, pamberi paPetro, Jakobho, naJohane. Vanogona kutaura. Havasi chimumumu. Mwari vanogona kutaura. Saka iVo vakataura kuna—kuna Jesu paGomo reKushandurwa. Uye Vakataura naJesu pamberi pechaunga chose chevanhu; paya, vanhu pavakati kwakatinhira, asi vaive Mwari vachitaura naJesu. Uye potse mose muna Mateo, Mariko, Ruka, naJohane, ndiJesu ari kutaura. Iye ndiMwari. Saka, Mwari vanogona kutaura.

¹⁰⁷ Akatora zvigunwe zvaKe pachaKe ndokunyora pajecha, rimwe zuva. Akataura, iYe akaparidza, iYe akaporofita, nemiromo yaKe Omene, Mwari vakazviita, apo paVakaitwa nyama vakagara pakati pedu, “Mwari vakaratidzwa munyama.” Kana Vachigona kunyora, kutaura, haVagonewo here kuudza vamwe zvokuita? Ichokwadi vanogona. Ivo vanogona kutaura navo, neinzwi romunhu. Ivo vanogona kunyora nokuvaratidza zvokuita. Ivo vakambozviita.

Saka, “Mwari, munguva dzakare nemitowo yakasiyana-siyana wakataura nemadzibaba kubudikidza navaporofita.” Zvino iVo vakati, pane Chinyorwa ichi, kuti, “Hapana yota kana tsanga ingapfuure kusvikira Izvo zvazadzikiswa,” zvino ipapo Zvzorotidzwa; zvadaro Zvinopfuura, nokuti Zvzorotidzwa. Izvo hazvingapfuure zvino, asi kuti Shoko Romene rinoitwa nyama. *Yota* zvinoreva “inzwi duku.” *Tsanga* zvinoreva “kavanga kaduku.” Hapana kana runyorwa rumwe, kuzviratidza kumwe chete, chero chipi zvacho, chichakundika muShoko raMwari. Iro harigoni kukundika, nokuti iRo ndiMwari, Mwari vachiratidzwa muchimiro chenyama yomunhu. Nokuti, ndiMwari Womene ari muchimiro chetsamba, muchimiro chomuporofita, achiratidzwa munyama.

Zvino, ndicho chikonzero Jesu aigona kuti, “Avo vakataura nemi, munovaidza vana ‘mwari,’ vakataura nemi kubudikidza neShoko raMwari,” ndokuti, “vaive vana mwari.” Avo vaporofita pavaive vakazodzwa noMweya waMwari, uye ndokuunza

chairo-iro Shoko raMwari, ipapo vaive vanamwari. Raive Shoko raMwari raitaura kubudikidza nemavari. Uye kugona. . .

¹⁰⁸ Vanogodudzira bedzi sekubvumirwa kwavanenge waitwa neMunyori kuti vadudzire. Zvino kana muchida kuongorora izvi, ndi Petro Wechipiri 1:20 ne 21. Zvakana. Nokuti, izvi, apo Mwari. . . “Hakuna mududziri wepakavanda.” Iye Anozvidudzirira Omene.

Mwari vanotaura nokuRidudzira, Vomene, zvakare vorizarura kune uyo waVanoda, vovanza kune vamwe vose. Ivo havasungirwe kuRizarura kune munhu wose-wose asi kutoti Vachitoda zvavo. Uye haVagone. . . Ivo, Vakatoratidza nyaya yaVo yose muRugwaro, naizvozvo nyaya yacho yose yakatozivikanwa kare; kungoti Vakangogara zvavo vachitarisa zvichiitika. Maona? Kwete. Vachingoona havo Mutumbi uchigadzirwa uchidzokera kwaWo, kuchimiro, Mwenga waKe zvekare. Zvakana.

¹⁰⁹ Vatendi vanoRitenda, saAbrahama wakadana zvinhu zvaipesana naRo sezvakange zvisizvo.

¹¹⁰ Iro zvakare, Shoko iri, rinonzvera zvakavanzika zvemoyo, vaHebheru 4:12. “Rinonzvera zvakavanzika zvemoyo.”

¹¹¹ Vaporofita nguva dzose vakange vasinganzwisise izvo zvavainyora kana zvavaitaura, zvokuti vangadai vasina kumbofa vakazvita, dai vakagona kunge vakaZvinzwisisa. Maona? Asi Bhaibheri rakati, “Ivo vakasundwa neMweya Mutsvene.” Kusundwa! Kana Mweya Mutsvene wakusunda, iwe unofamba. Murume. . . “Mwari, munguva dzekare nemitowo yakasiyana-siyana vakataura kuvaporofita vakange vachisundwa neMweya Mutsvene.” Ndicho chikonzero, mazera ose, vanhu vaive vomweya vaibvunza vaporofita pamusoro penguva pamwe nezvaizofanira kuitika.

Muporofita-munyori anofanira kugara nguva dzese ari mukuyanana naiye Nyanduri. Maona? Anofanira kugara nguva dzose muHupo hwaiye Nyanduri, kuti azive kuti Bhuku raizove chii. Maona? Muporofita-munyori, ainge aine chokunyoresa chakagadzirira nguva yose, kuyanana nguva dzose naiye Nyanduri, aiva Mwari, kunyora pasi chero chose zvacho chainzi naiYe achinyore pasi. Maona? Zvairatidza mhando yehupenyu hwaifanira. . . hupenyu hwakapatsanurwa kubva kuhama dzake dzose.

¹¹² Zvino, ndosaka muporofita agarisa pfungwa dzake dzakananga nguva dzose pane zvataurwa naMwari; kwete zvafungwa nemunhu, kana zvafungwa nezera racho, kana zvafungwa nekereke, kana zvafungwa nohumambo. Asi zvafungwa naMwari! Iye airatidza bedzi pfungwa dzaMwari dzove Shoko, nokuti shoko ipfungwa dzinenge dzaratidzwa. Zvino mazvibata? Shoko ipfungwa dzaratidzwa, saka muporofita waitomirira pfungwa dzaMwari. Zvino kana Mwari

vazarura pfungwa dzaVo kwaari, iye ozviratidza muShoko, “ZVANZI NAJEHOVHA.” Munoono, kwete “Zvanzi neni, muporofita.” “ZVANZI NAJEHOVHA!” Maona? Zvakanaka.

¹¹³ Ndosaka vakazvidza humambo pamwe nemazera ekereke, zvokuti, kuita izvozvo mumazuva avo, waive mutongo werufu. Iwe wofamba kuenda pachiso chamambo womuudza, “ZVANZI NAJEHOVHA, *chakati-nechokuti* chichazoitika,” waidimurwa musoro wako. Kereke yaikuuraya iko zvino nokuti wadaro. Asi vaporofita ava vakange vakashinga. Sei? Vaive vachisundwa neMweya Mutsvene, munoono, uye, ivo, ndosaka vaizenge vakashinga. Zvakare vakanyora iro—iro Shoko raMwari risingakundike.

¹¹⁴ Pane vazhinji vakaedza kuteedzera ivo vaporofita, sevapisita, nevakadaro. Zvino chii chavakaita? Vakangokanganisa, ndizvo chete. Vakatatadza kuzviita.

Nokuti, Mwari vaininge vasarudza munhu wezera racho, nokusarudza Mharidzo yacho, uye kunyange nehunhu wemunhu wacho pamwe nezvaizotika muzera iroro, izvo zvaVaigona kuunza, kuti Vaizokwanisa sei, nehunhu hwemunhu wacho iyeye, Vaizogona kupofomadza maziso evamwe. Mashoko aizotaurwa nemunhu uyu, maitiro aaiita, zvaizopofomadza vamwe, zvichivhura maziso evamwe. Maona? Vaipfekedza murume uyu imwe mhando yehanzu yaaive; hunhu, vavariro, nezvimwe zvose nenzira yaaitongofanirwa kunge ari, akanyatsosarudzirwa zvakakwana mhando iyoyo yevanhu vaAizodana vezera iroro racho.

Apo, vamwe vaimira vomutarisa, voti, “Zvino, ini handigone. Pane . . . Ini—ini handisi kuona.” Vaive vakapofomadzwa.

¹¹⁵ Jesu akauya nenzira imwe cheteyo, akapfeka, Mwari asingafi akapfeka nyama yemunhu. Uye nokuti iYe wakaberekerwa muchidiro, mudanga rizere nemupfudze, asina nzvimbo yokuisa musoro waKe; akazvarwa, pamafungidziro, nezita roupombwe rakaiswa paAri. Maona? Zvose zvinhu izvi zvaAive, uye kuti Akauya sei, ari mwana wemuvezi wemapuranga, kuti iYe aive asina kudzidza.

Tingati, munyika muno, huchenjeri wenyika ino, Akange asina chokuita nahwo. Hapana budiro yehungwaru hwepanyika pano, dzidzo, kana chii zvacho, Akange asina chinhu chimwe chete chokuita nazvo. Sei? Iye ndiMwari. Zvaizopesana. Dai Akaedza kuenda kuchikoro chebhaibheri kumwewo onodzidza zvimwe zvinhu izvo zvaitwa nemakereke enyika ino, chii mu . . . Handiti, hazvaimbogona kana . . . handiti, hazvaimbogona kana . . . hazvaizogona kuenderana nokunzwisisa kwaKe, nokuti iYe aive Mwari.

Saka, dzidzo, zvechikoro, zvikoro zvebhaibheri, nezvakadaro, zvezvirokwazvo zvinopesana nokuda kwaMwari. Hurongwa hwese hwedzidzo hunopesana

naMwari. Zvose zvinodzidzisa zvichibvisa pana Mwari, nguva dzose. Ndikanzwa munhu achiti iye ndiDr., Ph.D., L.L.Q., kwandiri, ndizvo zvinobva zvatomuvisa kure naMwari. Maona? Akangozvidzidzisa zvakadaro zvichitomubvisa zvakanyanya pane zvaakanyatsodanirwa kuti aite. Ndizvozvo chaizvo.

Cherechedzai zvino kuti vakafambiswa seyi neMweya Mutsvene.

¹¹⁶ Zvino, hazvireve kuti vanhu vakadzidza havapinde. Tarisai kuna Pauro. Ndinodaira kuti hakuna murume wakanga akatesva pfungwa muzuva rake kupfuura Pauro, uyo waive Sauro weTarsus. Wakange akadzidza ari pasi paGamarieri, mumwe wavadzidzisi vakurusa muzuva iri; muHebheru mukuru, anomira nemutemo, muFarisei wesangano. Zvino Pauro wakakudzwa pasi pake. Waiziva chinamoto chose chechiJudha. Asi paakauya kukereke, akati, “Handina kuuya kwamuri mukudzidza kwemunhu, nezvakadaro. Nokuti, dai waidaro, ipapo waizovimba nazvo. Asi ndakauya kwamuri musimba nekuratidzwa kweMweya Mutsvene, kuti kutenda kwenyu kuve muna Mwari.” Hezvoka izvo. Maona? Ndizvozvo chaizvo.

¹¹⁷ Vazhinji vakaedza kuteedzera vanhu ava, asi vakazoono vaminamisa zvinhu zvose sezvavanoita muzuva rino. Pane mumwe wakasimuka kumashure kwenguva yaJesu, akatsaudza vanhu mazana mana. Uye munoziva kuti Magwaro anotaura kuti kudini pamusoro pezvinhu izvi, kuedza kuzviita nguva isati yakwana. Uyezve vamwe vakaedza kuMutevedzera, uye vakave vose *izvi*, *nezvozvo*, kana *mumwewo*. Zvino Akati, “Mumazuva okupedzisira, kuti vaizosimuka vana Kristu venhema, mumazuva okupedzisira, nevaprofita venhema, vachiratidza zviratidzo nezvishamiso.” Tine zvese izvi. Maona? Asi izvi hazvigone kubvisa chiri chemazvirokwazvo. Zvinotoita kuti Chinyatsopenya zviru nani, nokuti tina Kristu wechokwadi, kwete wenhema.

¹¹⁸ Zvino, zvino, tinocherechedza ipapo kuti Mwari vakatumira vaporofita vaVo. Ndiyo yaive nzira yaVaive nayo yokuunza Shoko raVo kune vanhu, kubudikidza nemiromo yevaporofita vaVo.

Uye cherechedzai, munoziva, Mosesi wakati, kana muchida kuzviverenga muna Eksodho chitsauko 4, mundima 10 ne 12. Mosesi akati Mwari vakataura kwaari. Mwari vakataura nemunhu, muromo kunzeve. Uye iye akati, “Ndinononokera pakutaura,” Mosesi akadaro. “Ini, ini handina kukwana. Ini—ini handikwanise kuenda.”

¹¹⁹ Iye akati, “Ndiyani akaita kuti munhu ataure, kana kuti Ndiyani akamuita chimumumu? Ndiyani akamuita kuti aone, kana kuti Ndiyani akamuita kuti anzwe? HandiNi, Ishe here?” Ndokuti, “Ndichava nemuromo wako.” Maona? Saka . . .

¹²⁰ Zvino Jeremia akati, kana muchida kuzviverenga muna Jeremia 1:6. Jeremia akataura kuti, “Mwari vakaisa mashoko mumuromo wangu.” Maona? Iye—Iye akataura, muromo kunzeve, nomuporofita mumwe chete; akataura kubudikidza nomumwe muporofita, akanga asina simba pazviri zvachose, zvino ndokutaura kubudikidza nemiromo yake.

¹²¹ Ane nzira dzokuunza Shoko raKe kunze, munoziva. Hongu, changamire. Saka munoono kuti Bhaibheri iShoko raMwari, kwete shoko romunhu.

Mosesi akati, “Mwari vakataura neni neIzwi, uye ndikaVanzwa. Ndakanyora pasi zvaVakataura.”

¹²² Jeremia akati, “Ndakatadza kutaura zvachose. Uye, chinhu chokutanga munoziva, miromo yangu yaitaura, zvino—zvino—zvino ndainge ndichinyora.” Mwari vakataura kubudikidza nemiromo yake, uye zvikaita saizvozvo.

Dhanieri, Isaya, nevakadaro, vose vaporofita ava vaive vakangoda kufanana.

¹²³ Munoziva, muTestamende Yakare yoga, zvinopfuura zviuru zviviri dziri nguva apo vaporofita vakati ZVANZI NAJEHOVHA. Zvino, kana munhu akati ZVANZI NAJEHOVHA, haasi munhu ari kutaura. Kana akadaro, anenge asiri muporofita, anenge ari munyengeri, munoono, nokuti hazvibviri (zvachose) kuzadzikiswa; mukana mumwe chete kubva mune mazana gumi akapetwa chiuru, munoono, vanogona kuita zvekufembera. Asi kana iri ZVANZI NAJEHOVHA, Ishe Mwari vanenge vazvitaure.

Kana ndingati, “Zvanzi naOrman Neville”; hama yangu yoti, “Zvanzi naVaMann”; Ini ndoti, “Zvanzi neHama Vayle,” kunze kuno, kana dzimwe dzehama idzi, kana mumwe wenyu; ndinotaura zvaunenge wareva. Kana ndakatendeka, ndiri kutaura bedzi izvo zvaawareva.

Zvino varume ava, vari vaporofita, vakati, “Handiziri ini. Handinei nechokuita nazvo, asi iZVANZI NAJEHOVHA.” Saka Bhaibheri iZVANZI NAJEHOVHA kubudikidza nevaporofita.

¹²⁴ Cherechedzai, vakatora Mweya waKristu pamusoro pavo ivo, vakafanotaura zviitiko zvaizozadzikiswa. Taura pamusoro pezvekufanotaura! Vakataura zvaizoitika zvichidzika nemumazera, pavaigara, kumira, kuvata, kufamba noMweya waKristu pamusoro pavo, zvokutoti vaitoita saKristu. Zvino vaverengi vaizviverenga zvino vaizofunga kuti vaporofita vaitaura pamusoro pezvavo ivo.

Munorangarira muranda uya paaive achiverenga Isaya 53:1, pamusoro, pokuti, “Wakakuvadzwa nokuda kwekudarika kwedu, akaiswa mavanga nokuda kwekusarurama kwedu, kurohwa kwakatiunzira rugare rwedu kwakanga kuri pamusoro paKe, nemavanga aKe takatopodzwa”? Muranda wakati kuna

Firipi, “Ko muporofita unotaura pamusoro paani, iye pachake kana mumwewo munhu?” Munoono, muporofita akataura sokunge aive ari iye.

¹²⁵ Tarirai pana Dhavhidhi achichema muMweya, “Mwari wangu, Mwari wangu, iMi mandisiyireiko? Mapfupa angu, anonditarisa, kwandiri,” Dhavhidhi. “Vakaboora tsoka dzangu nemaoko angu,” Dhavhidhi. “Vakaboora tsoka dzangu nemaoko. Asi haMungasiya mweya wangu mugehena, kana kuti haMungasiye mutsvene weNyu achiona kuora,” sokunge Dhavhidhi aitaura pamusoro pake iye kuti aive mutsvene. Aive Mwanakomana waDhavidhi, Mbeu iya ine chizenga, yemweya yaizouya ichidzika naimomo. Kunyangwe Dhavhidhi pachake wakange ari tsine, asi nochomukati makange mune mbeu yeGorosi. Mazvibata?

Saka, Bhaibheri rose harisi shoko remunhu, uyewo haRina kunyorwa nemunhu, kuunzwa nemunhu, kanazve haRigone ku—kuzarurwa nemunhu. IShoko raMwari rinozarurwa naMwari pachaKe, Mududziri waKe Omene, Kristu achiZvizarura muShoko raKe Omene.

¹²⁶ Tarisai kuna Kristu amire kumashure pano muna Dhavhidhi. Dhavhidhi haaitombogona kufunga zvino. Pfungwa yake yakange yabva paari, sekudaro. Uye Ainge akaremba pamuchinjikwa, sekuona kwamunoita chimupunzo ichi pano; akaremba pamuchinjikwa, achichema, “Mwari Wangu, Mwari Wangu, MaNdisiyireiko? Mapfupa aNgu ose, anoNditarisa. Vakaboora maoko aNgu netsoka dzaNgu. Vabvoora parutivi rwaNgu.” Maona? “Sei iMi mave kure neNi? Nzombe dzose dzeBhashani dzondiunganira. Vanozunguza misoro yavo, vachiti, ‘Aivimba naMwari, kuti iYe aizoMudzikinura; zvino ngatione kana AchaMudzikinura,’” achitaura mashoko mamwe chete.

Saka, munoono, apo Mwari vakaratidzwa panyika pano, iVo vakataura mashoko mwamwe chete akataurwa naDhavhidhi. Mazvibata? Saka, muri kuona, haRisi shoko remunhu; iRo iShoko raMwari. Paive naMwari muna Dhavhidhi; akanga asiri Dhavhidhi. Akange asingazivi zvaaitaura; akange angori Mumweya zvakanyanya.

Ndzivo zvimwe chetezvo zvaive Mosesi. Aive ari Mumweya zvakanyanya, akabuda muchiyero chaairarama machiri, ndokumira ipapo chiso nechiso, mugwenzi riya raipfuta, achitaura na—naMwari pachaKe. Akati, “Bvisa shangu dzako. Ivhu raumire pariri ivhu dzvene.”

Ndinoedza kufunga kuti Mosesi paakabva ipapo, akafunga, “Chii chaitika? Chii chatora nzvimbo? Changa chiri chii?”

Akati, “Dzika zasi muEgipita. Ndichaenda newe.”

Iye akati, “Ndezve mazvirokwazvo kwandiri, ndinofanira kuenda.” Akatora mudzimai wake nevana vake. . . ne—nemwana

wake, waro, netsvimbo yake muruoko rwake, ndokuenda zasi kuEgipita, kunodzikinura vanhu. Maona?

¹²⁷ Mwari vachitaura, Vomene, kubudikidza navaporofita. Munoono, ivo, vatori zvezmazvirokwazvo... Havazi vaporofita; aive Mwari. Nokuti, muporofita, pachezvavo, havaigona kutaura zvinhu izvozvo.

“Ndiani akatenda huchapupu hwedu?” Isaya achitaura, munoono. “Ndiani akatenda huchapupu hwedu? Ko ndiani akazarurirwa ruoko rwaShe? Achakura pamberi pedu semhuru iri mu—iri mudanga. Uyewo kuti, zvakangodaro, iYe wakakuvadzwa nokuda kwekudarika kwedu, ndokuiswa mavanga nokuda kwekusarurama kwedu, kurangwa kwakatiunzira rugare rwedu kwaive pamusoro paKe; nemavanga aKe takatopodzwa.” Takatopodzwa, kumashure kuno uku muzera iri riri kuno; uye Isaya, ari kumashure uko makore mazana masere Kristu asati auya. Maona? “Nemavanga aKe takato-,” zvekumashure, zvakatoita kare, “kupodzwa.” O, ini zvangu!

Inga, Shoko raMwari, rakaisvokwana! Vimbai naRo, vanhuwee. Ndicho chinhu choga chinogona kukuponesai.

¹²⁸ Mamwe mashoko ose, handina basa kuti akarongeka zvakana zvakadini, kuti sei, anobva kuna ani, isangano ripi ravanobva, kana kuti munhu uyu akangwara zvakadini, ngaanyatsosiya akadaro, chose chinopesana neShoko. Ungadina kuisa Rugwaro urwu pasi, ndi vaGaratia 1:8. Maona? Pauro akati, “Kunyange isu, kana Ngirozi inobva Kumatenga, ikaparidza chimwe chinhu chisiri iZvi zvamakanzwa kare, ngaave akatukwa.”

Nemamwe mashoko, kana Ngirozi ikauya kwauri ichibva Kudenga, Ngirozi inenge ichipenya zvikuru, uye yobva yamira; vakomana, unenge uri muteyo wezuva ranhasi, handizvo here? Ngirozi inenge ichipenya zvikuru youya ipapo zvino yomira, zvino yotaura zvinhu zvinopesana neShoko; unoti, “Satani, ibva pandiri.” Ndizvozvo. Kana ari mubhishopi, kana ari... angave ari chii, usambofa wakamutenda kana asingataure zvinoenderana nemazvo neBhaibheri iroro, Shoko neShoko. Mutarisise, achakutakura neBhaibheri zvino. Achakutakura kuenda newe kune imwe nzvimbo, zvino obva aikochejera pakare ipapo. Kana ukaona Bhaibheri richitaura chimwe chinhu, zvino iye wozvinyenyeredza, ibva wamutarisa pakare ipapo.

Munoono, ndiyo nzira yaakaita nayo Evha. Akanyatsouya zasi uye ndokutaura zvinhu zvose nemazvo chaimo. “Saka, Mwari vakati *zvakati*.”

“Ndizvozvo chaizvo, Evha. Amen. Tinozvitenda izvi, pamwe chete.”

“Zvino, Mwari vakati *zvakati*.”

“Ameni. Tinotenda izvi, pamwe chete.”

“Mwari vakati *zvakati*.”

“Tinozvitenda izvozvo, zvechokwadi.”

“Zvino, asi Mwari vakati tinozofa.”

¹²⁹ “Saka, zvino, unoziva iYe ndiMwari wakanaka.” Haana kumboti haAdaro, unoziva. “Asi zvirokwazvo...” O, inini! Hoyoka uyo.

Zvino kana aive munyengeri saizvozvo, uye Bhaibheri rakati, “Nemazuva ekuguma aizonyengera Vasanangurwa dai zvaibvira,” ko tinofanira kunge tiri kupi muzuva rino, shamwari? Zvino, zvidzido zviduku izvi zveSunday school ndizvo, tinofanira kutakurwa pedyosa, munoziva, pamoyo yedu, kuti tione... Tinofanira kunyatsoteerera nokuona hunyengeri huri muchinhu ichi.

¹³⁰ Cherechedzai, hatigone, hatifanire, kuteerera kune rimwe haro shoko romunhu. Hatina basa kuti akangwara zvakadini, akadzidza zvakadini. Bhaibheri, muna Zvirevo, rinoti, “Isu tinofanira kukandira pasi kufunganya.” Maona? Zvino, pano muchikamu cheperi...

Chikamu chokutanga ndiwo manzwiwo ako okuona, kuravira, kubata, kunhuwidza, nokunzwa. Ndizvo zviru mumutumbi wako wekunze.

Pamutumbi wemukati, unova mweya, pane kufunganya nepfungwa, nezvakadaro. Tinofanira kukandira zvole izvozvo pasi. Hatigone kufunganya, toti, “Zvino mirai, kana Mwari vari Mwari wakanaka...” Uye tinoudzwa zvakawanda nhasi kuti ndizvo zvaAri. “Kana iYe ari Mwari wakanaka, zvino kana ndikaperera, kunyange ndisingazvione muBhaibheri kuti ndizvo, kunyange ndakaperera, kuti ndichaponeswa.” Ucharasika. [Chibenga patepi—Mupepeti.]

¹³¹ “Kana ndikaenda kucheche ndichingoita zvinhu zvandinotenda kuti zvakakanaka, ndichiedza kumirira pane zvandinofunga kuti zvakakanaka, saka, ini...” Iwe uchakangorasika.

“Pane nzira inoratidzika kunge yakanaka kumunhu, asi magumo ayo inzira dzerufu.” Maona? Iwe hauzoponeswa; unorasika. Maona? Maona? Anofanira kunge ari Munhu uya wemukati anotonga.

¹³² “Zvakakanaka, ndakataura nendimi, Hama Branham. Ko, hamutendi here mukataura nendimi, Hama Branham?” Mazvirokwazvo. “Zvino, ndakadanidzira; hamuzvitendi here izvozvo?” Hongu, changamire. “Ndinorarama hupenyu hwakanaka weChikristu. Hamutendi here mazviri?” Hongu, changamire. Asi kunyange zvakadaro izvozvo hazvireve kuti wakaponeswa. Iwe uri munhu akanaka; munhu akachena, ane hunhu hwakanaka, mutsvene, akanaka.

Ndizvowo zvaive zviri vaprisita vaye, vachinamata zvakasimba, kunyatsonamata pakusvikira mumwe akatsveyamisa, aitemwa nematombo kusvikira afa. Mutongo werufu wekutamba neShoko raMwari rwainge rwuri rufu.

¹³³ Ndizvo zvinonetsa nyenika yedu nhasi. Ndosaka tiine zvinhu zvizhinji zvakangoregedzeka panyika nhasi, mitongo yacho haina kusimba zvakakwana. Toti munhu abatwa achimhanya-mhanya nomudzimai womunhu, vanofanira kutorwa vari vaviri paruzhinji vodzunhwa kuti vasabereke, ndizvozvo, paruzhinji, vobva varegerwa vachienda. Ndizvozvo chaizvo. Kana munhu akabatwa achikanganisa, zasi pamugwagwa, achimhanyisa, haafanire kupiwa makore ari pasi pemakore gumi; iye akato- . . . humhondi hwakatofanofungwa nezvahwo. Maona? Mukaisa mitongo yakadaro pazviri, munovaita kuti vadzikame.

Asi kana mumwe wezvematomongerwo enyika munyengeri akagona kusvika apa pane *uyu* ari kuno uku ozvishaisa maturo, zvino oti, “Zvisinei, ange achinwa zvisihoma, iye anga . . . anga asingareve kuzviita.” Uye wouraya murume, mukadzi, neboka rose revana vasina mhosva, vosiya Riki achienda asina chaaitwa, ndizvo zvematomongerwo enyika. Ndiyo nyika. Ndiye dhiyabhorosi.

¹³⁴ Mwari vakati murume akabatwa muhupombwe, kana mudzimai, vatorei muende navo kunze uko muvatake nemabwe kusvika vafa. Zvopera zvakadaro. Maona? Kana akatobatwa achinonga chine huremu hwechimuti, pazuva resabata, “Mutorei mumutake nemabwe.” Vairarama nawo ipapo. Uye zvino, munoono, hatina mhando yemitemo yakadaro nhasi.

Asi Mukristu, kereke, uyo wandiri kutaura naye mangwanani ano, mutemo uya waMwari uri mumoyo mako. Maona? Hauna chishuwo chokuzviita. Uri mukati umu. Unoda kuchengetedza mutemo waMwari zvakananyatsokwana. Kunyange zvikadii, iwe unoda kuva izvo bedzi . . . Kana—kana Mwari vachida chitsiko chepamukova pamukova, Vachida kuti iwe uve chitsiko ichocho, iwe unofara kwazvo kuva saizvozvo. Kunyange zvikaita sei, unoda kuva chitsiko chacho chepamukova. Maona? Kunyange chero Mwari zvavanoda kuti uite, ndizvo zvaunoda kuita, nokuti ndiMwari. Zvino, ndipo paunonyatsowana rudo rwako rwemazvirokwazvo, chairwo, rwechokwadi kuna Mwari.

¹³⁵ Uye tinoona zvekare zvino, kuti, “Mumwe Mutumwa akazoparidza zvose-zvose,” kunze kwezvakatoenda, izvo zvakatotaurwa kare muBhaibheri, “iyeye ngaave wakatukwa.” Hapana anogona. Haungagone kuzviita; Rinotofanira kunge ringori chaizvo nenzira yaRataura.

¹³⁶ Zvino zvekare tinoverenga, muna Zvakazarurwa 22:18 ne 19, “Kana munhu ukawedzera shoko rimwe chete pane iZvi, kana kubvisa Shoko rimwe kubva paRiri, Mwari vanobvisa

chikamu chake kubva muBhuku roUpenyu.” Ndizvozvo. Mwari vanotora chikamu chake, kunyange ari mushumiri, chero chipi chaangave, zvino shoko rake . . . zita rake rakanyorwa muBhuku roHupenyu. Mwari vakati, “Ndichangoridzima,” ndizvozvo chaizvo, “kana akawedzera chinhu chimwe paRiri, kana kubvisa Shoko rimwe paRiri.” Ndiko kusakundika Mwari kwavakaita Shoko raVo. Maona? Unogona kuwedzera pachechi, kana kubvisa pachechi. Usatombowedzere paShoko iroro, kana kubvisa paRiri, nokuti Mwari vanobvisa zita rako zvachose kubva muBhuku roHupenyu. Zvino, naizvozvo, watoparara iwe ipapo. Maona? Haugone kuwedzera paRiri, kana kubvisa paRiri. Ringori chaizvo izvo . . .

¹³⁷ Iro haridi mududziri, nokuti Bhaibheri rakati Mwari Vanozvidudzirira Voga Bhaibheri. “Iro haridudzirwe pakavanda,” Petro akadaro. Zvakanaka.

¹³⁸ Zvino Magwaro ose anopiwa naMwari, Mwari vanoisa muhurongwa, uye zvinhu zvose hazvo kuzarurwa kwaJesu Kristu. Testamende Yakare neItsva, apo padzakafanotaura nozvokuuya kwaKe, zvaAizoita kana Azosvika pano, uye nezvaAizoita muzera rino raizouya. Saka ndizvo zvinoMuita mumwe chete zero, nhasi, nokusingapere. Maona?

Semuna vaHebheru uko, paya Pauro paakazvinyora. Iye ndiMwari, “Jesu Kristu zero,” wemuTestamende Yakare. Ndiye “Jesu Kristu nhasi,” achiratidzwa munyama. “Uye ndiYe Jesu Kristu nokusingaperi,” muMweya, “uchauya.” Maona? Maona? “Mumwe chete zero, nhasi, nokusingaperi.”

Uye Anorarama nguva dzose achiita kuti Shoko raKe rirarame izvo zvaRakataura kuti Raizoita muzera iroro. Iye mupenyu.

¹³⁹ Iye aive mupenyu muTestamende Yakare, achiratidzwa. Ndinoda kuti muone chimwe chinhu chiduku pano, kana mukazvikwanisa. Tarirai, apo Jesu paakaraidzwa muTestamende Yakare, sokuzvitenda kwatinoita.

Zvino, imi vaparidzi kunze uko, munogona kukakavara nazvo, mogoita chero zvamunoda, asi ndiri kutaura pamusoro pangu . . . izvo zvandinofunga. Maona?

¹⁴⁰ Jesu paAkaraidzwa muTestamende Yakare, ari mumutumbi weShoko, ari mumunhu waMerikizedheki; kwete huprisita, asi Munhu wacho, iye Murume. Maona? Nokuti, Murume uyu aive asati aberekwa, asi iYe akange ari mumutumbi weShoko, saka Aive asina baba, asina amai. Aive Mwari pachaKe. Iye akaratidzwa muchimiro choMunhu, ainzi, “Mambo weSaremu, zvinova Mambo weRugare, naMambo weKururama.” Maona? Iye aive Merikizedheki. “Aive asina kana baba kana amai, kutanga kwemazuva kana kuguma kweupenyu.” Maona? Aive Jesu ari mumutumbi weShoko, ari muchimiro cheMunhu. Ungaende zvakadaro? Zvakanaka hazvo.

¹⁴¹ Zvino iYe wakaitwa nyama yemunhu chaiyo, akagara pakati pedu, ari muMunhu aive Jesu Kristu Omene, akazvarwa nemhandara Maria. Iye akauya ari muchinhanho ichocho kuti Azofa, achibva adzokera Kudenga.

Zvino mumazuva ano okupedzisira, Akavimbisa kuzviratidza Omene muhuzaro zvakare, ari munyama yaKe, muMweya. Maona? “Sezvazvakange zvirira mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichave Mukuuya kweMwanakomana wemunhu.” Zvino tarisai kuSodhoma, zvayakange iri, nezvakazoitika. Uye Jesu Kristu achiratidzwa muchimiro chomutumbi, weKereke yaKe nhasi, munoona, achiita chinhu chimwe chete, basa rimwe chete, zvinhu zvimwe chete zvaAiita nguva dzose, haashanduke, uYo wemuna Ziendanakuenda. Maona? Zvino panyika pano nhasi, iYe azviratidza Omene mumitumbi yevanhu, mitumbi yedu yevanhu yaAkadana, zvino ndokuita chaizvo zvimwe chetezvo zvaAkamboita munguva dzekare, nemunguva dziya paAiva munyama panyika. Uye achiita zvimwe chetezvo nhasi, nokuti, “Mwari munguva dzekare wakataura kumadzibaba kubudikidza nemuaporofita, mumazuva ano okupedzisira kubudikidza neMwanakomana waKe, Jesu Kristu.” Munoona, Mwanakomana achizarurwa mumazuva okupedzisira, Mwari vachiratidzwa munyama yemunhu, mamiriro apo Sodhoma yave pedyosa nekuparadzwa, magumo enyika yeMahedheni. Munozviona izvi?

Pane kuratidzwa kutatu.

¹⁴² Zvino, chinhu chinotevera chinoitika, ndipo apo zvose zvichaunganidzwa muMunhu mumwe chete, Jesu Kristu, Mwenga noMutumbi, pakudzoka kwaIshe Jesu ari mumutumbi. Zvichiita nguva dzaKe nhatu. . . Apo paAkaunzwa panyika; akauriwa, ndokuroverwa, akamuka. Achizviratidza Omene muchimiro choMutumbi waKe, unova Mwenga waKe, ari Mudzimai. Mazvibata izvi? Mudzimai chidimbu choMutumbi waKe.

Zvino mudzimai nomurume vari pedyo-pedyo pamwe chete, kusvikira vanotongopotsa. . . Vangori vakafanana. Vanofanirwa kudaro, saizvozvo. Havano avo, munoona, vanongonyatsoratidza zvakafanana. Mudzimai chidimbu chake, nokuti wakatorwa kubva paari.

Zvino Mwenga nhasi wakatorwa kubva mumutumbi waKristu, uyo uri kutevedzera pamwe nokuita chaizvo izvo sezvaAkataura kuti Waizoita zuva rino, Mwenga, Mambokadzi; Mambo naMambokadzi. Ndizvo chaizvo.

Tave kupererwa nenguva zvino, saka tava kutofanirwa kukurumidza tobva tapedza.

¹⁴³ Zvakanaka, Bhaibheri rose ringori chizaruro chizere chaJesu Kristu, Achizvizivisa kune zera roga-roga. Iye Omene

akazvizivisa mumazuva aRuther, senheyo; kereke, tsoka, makumbo.

Sezvaakaita iYe kuna Mambo Nebhukadhinezari; munorangarira kuti akarota zviroto zviya sei, uye kubva kumusoro zvichidzika zasi? Maona? Zvino iYe anouya kubva kutsoka zvichikwira mudenga. Maona? Muhumambo wechiBhabhironi Akaratidza zvose zviya zvemuTestamende Yakare, iYe akabvira mumusoro ndokudzika pasi, kusvikira iYe adzika pasi kusvika Mwari Vomene vakave nyama kumakumbo emanera. Zvino pano muTestamende Itsva, Anozviunza Omene achidzokera kumusoro chaiko zvakare, kune Musoro zvakare, Musoro wegoridhe, kuti agadzwe korona. Maona? Tarirai. Mazvibata izvi?

Munoona, Mwari vakange varipo kumavambo, uye Vakaramba vachidzika pasi, kubudikidza navaporofita, uye nokungodzika, kusvikira Mwari Vomene vakava munhu sesu, kuzasi chaiko patsoka dzemanera, Mwana akazvarirwa muchidiro; akavengwa, akarambwa, akazvidzwa, uye zita rakaipa, nezvose izvo zvaAive. Zvino Akatanga kukwira mudenga, munoona, zvino kubva kutsoka Akatanga kuvaka Kereke, Mwenga, achidzoka, achidzoka; uye zvino achiuya achipinda muDombo rakatesva repamusoro, apo zvose zvinobatanidzwa pamwe chete zvino zvoita Mutumbi mumwe chete mukuru wakashandurwa waJesu Kristu.

¹⁴⁴ Mwari vanoazarurwa muzera roga-roga neShoko raVo rakavimbiswa kuzera iroro. Zvino ngatingotarisi kune zviri dzimwe vimbiso dzaVo dzezuva rino, apo tichipfiga zvino nemashoko aya okupedzisira.

¹⁴⁵ Zvino Mwari vari kuzvizarura Vomene munguva yeChiedza chemanheru. Ngationei zvino. Isu tinoona . . .

¹⁴⁶ Ndinongori nemurwi weMagwaro akanyorwa pasi apa. Sezvamunoona papeji iyi, kuti pane Magwaro mangani akanyorwa ipapo. Asi, tinongori nemaminitisi gumi nemashanu tisati tasvika panguva dza twelve. Ndinoda kubuda panze. Uye handisati ndashoshomera, mangwanani ano, ndichitaura. Dzimwe nguva michina iyi yemhepo inofefetera pano inoita kuti ndinyatsoshoshoma.

Saka kana Hama Neville vakasa- . . . Hamuna chamuinacho chemanheru ano? [Hama Neville vanoti, “Kwete.”—Mupepeti.] Saka, saka, ndicha- . . . Kana zvichiita, ndine zvandinazvo. Ndakawana chipakiti chefodya, rimwe zuva, chirere pasi musango; saka ndine Mharidzo kubva pachipakiti ichocho chefodya, yemanheru ano, kana Ishe vachida. Maona?

Saka, ndine Magwaro aya pano. Saka handidi kupfurikidza nguva, kuitira kuti mudzoke.

¹⁴⁷ Chipakiti chefodya, chichitaura. Ndizvozvo. Ndakange ndiri kuenda ndichipfuura nemusango, zvino hepano paive parere

chipakiti chefodya, zvino ndakangofamba ndichibva ndichienda. Ndakafunga, “Kuda, kune mumwe munhu ari mberi kwangu.”

Zvino Chimwe chinhu chikati, “Dzokera ugochinhonga.”

Ndakafunga, “Kunhonga chipakiti chefodya? Kwete ini.”

Chimwe chinhu chikati, “Dzokera shure ugonhonga chipakiti chefodya icho.”

Ndakadzika zasi, pakange paine chipakiti chasakara chisina chinhu, zvino ndichibva ndaona chimwe chinhu. Ndichakuudzai pamusoro pazvo, manheru ano, kana Ishe vachida. Ndizvozvo.

¹⁴⁸ Zvino tichataura pamusoro peZviedza zvemanheru, kwekanguva kapfupi. Bhaibheri rinofanotaura kuti kuchauya nguva, chaipo panguva yekupfiga, kuti zuva richabuda kunze, zvino kuchave neChiedza chemanheru. Tose tinozviziva. Hatizive here? Isu, tiri. . . Isu vanonyatsoziva Mharidzo yedu yanhasi yakabva kuna Ishe Jesu, tinotenda kuti kuchave neChiedza chemanheru. Zvino Chiedza ichi chemanheru. . .

Handiti, Chiedza chikuru chichauya apo Jesu Omene paacharatidzwa pano panyika, kana kumusoro kuMatenga, achitora Mwenga waKe, zvino Mireniyam yobva yatanga.

¹⁴⁹ Asi tine imwe yenguva dzinotyisa zvikuru kwazvo yatichapindana nayo, yati yamboiswa pamberi pevanhu. Uye ndiri kungomirira nguva iyi, uye kana tikagona kuwana. . . munhu wese paanogona kuwana mukana wekuwana nguva yekumbosiya basa wopedza mazuva mashoma, uye tobva tagona kuzvironga kuti tinge tiri kumwe kunhu uko kwandichagona kutaura pamusoro peMatenda aya nezvimwe zvichazowira pamazuva okupedzisira; zvino toita masvondo maviri kana matatu pamwe chete, tozviunza pamwe chete, kana Ishe vakaita kuti ndirarama kuti ndizviite nokundifemera kuti ndiite saizvozvo, nokuona kuti zvinhu izvi zvichadonhedzerwa mukati seyi, pamwe neMitinhimira iya. Ipapo muchazoonza zvanga zvichirotwa pamusoro pazvo nemunhu uya nevanhu ava, uye nezvinhu zvose izvi ipapo, zvichazoitika; munoona, muchacherechedza kuti izvo zvakazarura, Mutinhimira uya mukuru uchiuya kubva mu—kubva mumatenga. Zvino, handiti, boka renyu rose, munoziva kuti ndinoziva kuti izvozvo—kuti izvozvo zvinorevei, muri kuona. Zvino, asi ngatingomirai kusvikira nguva yacho yasvika, munoona, kuti zvive saizvozvo, munoona, zvino, uye zvichange zvanyatsove mumwaka.

¹⁵⁰ Zvino, saka tichaverenga mamwe eaya—eaya Magwaro ari muno. Zvino, manheru Zviedza zvinouya, zvino, tinoona kuti chinofanirwa kunge chiri Chiedza chimwe chete chambenge chiripo mangwanani.

Nokuti, hapana rimwe zuva remangwanani uye nerimwe zuva remasikati. Izuva rimwe chetero. Zuva rimwe chete riripo

masikati ndiro riripo mangwanani; rimwe chete mangwanani seremasikati.

Zvino, Rakataura kuti, “Iro zuva pachoro,” zuva pakati penguva iyoyo, “richange rakaita sokunge, o, kunge zuva rakadzimaidzwa, rakasviba. Haringagoni kunzi masikati kana husiku, pakati pachopapo.”

¹⁵¹ Munoono, ndiko kuumbwa kweMutumbi, kubva kutsoka, zvichikwira kumusoro. Apo iYe akange ari panyika, Akange ari Mwanakomana, Chiedza chacho, zvino Akauraiwa. Kereke yakatora nzvimbo yaKe, tevere kuurairwa chitendero zvino ndokupfuura nemuMazera eRima, uye ndokutanga kuvakira panheyo ichibuda kunze. Zvino ko kuona kunobva kupi? Pamusoro pemusoro.

Muri kuona chiratidzo chiya; Nebhukadhinezari? Muri kuona Achidzika pasi, kubvira panotangira zera remaMahedheni vasati vadeurirwa Ropa pamwe nokuitwa yananiso. Vaive vari avo vakatendeukira kuchinamato vakange vapinzwa mukati. Asi cherechedzai chakaramba chichidzika pasi chaipo, pasi chaipo, pasi chaipo kusvika pazasi, mumufananidzo, munoono, ndokuusvitsa pasi.

Zvino wakatanga kudzokera, uchidzoka, Kereke yakadzoka kubvira kutsoka, ichikwira kumusoro. Zvino yave munguva yomusoro—nguva yomusoro. Zvino cherechedzai Chiedza.

¹⁵² Haugone kuona nemaoko ako, asi chidimbu chomutumbi. Haugone kuona nenzeve, asi inogona kunzwa. Haugone kuona nemhinho, asi inonhuwidza. Haugone—haugone kuona nemiromo, kunyange uchitaura; munoono, ndiro rakange riri zera rePentekosti. Asi zvino tiri munguva yeziso, kuona. Maona? Zvino, hakuna kana nhengo inofamba tapfuura ziso. Ndzivo here?

Chinotevera injere, dzinova Kristu pachaKe, uYo anotonga Muviri wose.

Hapana kufamba, kunofamba wadarika ipapo. Maona? Zvimwe zvinhu zvose zvakafamba. Maona? Fambisa tsoka dzako, fambisa nyama dzemakumbo ako, fambisa zvinhu zvose. Fambisa ako. . . Nzeve dzako dzinogona kufamba, mhuno yako, miromo yako, nezvimwe zvakadaro. Asi tikapfuura maziso ako, ipapo hapana chinofamba.

Ndosaka vachiti varume vanoita mhanza nokukurumidza, nokuda kwekuti, munoono, hapana kuekisesaiza kunoitika kuti paumbwe tsinga mu—mubvudzi, paganda romusoro. Maona? Uye hapana kupfava zvokuti ropa rikwire kumusoro imomo. Ropa harigone kupomba richipfuura, munoono, harigone kukwira zvichipawo ropa. Ndizvozvo, mu—mudzi webvudzi unorarama neropa.

Uye zvino tinoona kuti nzvimbo iyoyi, munooona, hapana chiripo tadarika ziso.

¹⁵³ Zvino ngationei. “Kuchava neChiedza” (kunge nguva dzepakati pezuva?) “nenguva yemanheru!” Ko Chiedza chinotumirwei? Kuitira kuti ugone kuona pauri...kuti ukwanise kufamba-famba. Ndizvozvo here? Uone paunenge uri. “Kuchave neChiedza panguva dzinenge dzemanheru.”

¹⁵⁴ Zvino, tinitora izvi zvino tozvienzanisa naMaraki 4. Akavimbisa kuti kuchave neChiedza chichauya zvakare munguva dzemanheru, munooona, “Nokuti, tarirai, ndinokutumirai Eria muporofita, iye achadzorera va—vana kudzokera kumadzibaba, nemadzibaba kune vana,” (ndizvozvo here?) “zvime ndingauye ndichirova nyika nokutuka.”

¹⁵⁵ Zvino ngatimbotorai Johane kana...Mutsvene Ruka 17:30, totarisa zvakaporofitwa naJesu ipapo, achitaura kuti, “Sezvazvakanga zvakaita mumazuva eSodhoma, zvichange zvakafanana...”

Zvino rangarirai, cherechedzai, izvi zviripanguva yokuti Mwanakomana wemunhu anozarurwa; kuzarurwa kweMwanakomana womunhu. Zvino, Mwanakomana wemunhu akatozarurwa chaizvo-izvo tingangoti, kwenguva shomanani ipapo, nguva shoma Sodhoma isati yapiswa. Zvino, Murume uyu aiva Erohimu. Akanga ari Mwari; uye Jesu ndiMwari. Zvino Mwari vakazarurwa tingangoti ipapo chaipo kwenguva shomanani, kuti vataure naAbrahamu, mukuferefeta kwekutongwa. Kwechinguvana, Mwanakomana wemunhu akazarurwa; Mwanakomana wemunhu, Erohimu. Munozviona here, kereke? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Mwanakomana wemunhu, Erohimu, wakangozarurwa kwemaminitsi mashoma. Nokuti, mangwanani acho chaiwo akatevera yakapiswa, (riinhi?) zuva risati rabuda zvakare.

Saka hapana sangano ringasare, uyewo hapangambove nekumwe kuenderera mberi kunze kwezviri kuitika iko zvino, nokuti ichatsva zuva risati rabuda zvakare. Rumutsiriro rwapera, munyika yose. Hakusi kuzova zvakare nerumwe rumutsiriro, rumutsiriro rwukuru rwunokumba; nyika ino haichamborwugamuchira. Unogona kuva neungano yevakatesva njere. Asi, ndinoreva, rumutsiriro rwepaMweya, takarwuona rwese zvaro. Ndine tariro yokuti muri kuzvibata. Ndiri kuzvitaure nenzira yekuti—yekuti ndine tariro yokuti muri kuzvibata. Maona? Rwakapera.

Mumwe muparidzi kwaye ati, chinguva chapfuura, ati, “Hama Branham, dai ndaingogona kunge ndine mufaro waShe mukati memwoyo wangu!”

Ndikati, “Mwanakomana, rumutsiriro rwakapera.” Maona?

¹⁵⁶ Zvino zvinodzikamisa zvakatoiswa pangarava. Masaisai makuru anotyisa ari kunze kuno pamberi pedu; asi tinoziva, seri

kwesaisai riri uko, tave pedyo nemahombekombe. Maona? Isu tave pedyo nemahombekombe. Chingogarai makadzikamiswa. Chingogarai muri muShoko. Garai naMwari. Zvisinei kuti muri kunzwa zvakadini, kana izvo chimwe chinhu zvacho; nyatsogarai pamwe neShoko. Regai—regai—regai rigare rakadzikama, kana muchiona ose aya makore akwegura makuru akatipoteradza, nemadutu achiuya, nemabhambo eatomiki, nezvimwe zvose zvavari kutaura pamusoro pazvo. Asi chidzikamisi chedu chakanangana zvakatwasuka muShoko. Mwari vakati richange riripo pano; tichafamba nepamusoro perimwe nerimwe rawo. Hongu, tichaenda nepamusoro pawo. Hongu, zvmazvirokwazvo! Iwo, haagone kutinyudza mumvura. Haakwanise kutiendesa pasi pemvura. Ukatiisa muguva; tinozobuda zvakare. Ndizvo zvoga zvitongoripo. Hapana nzira munyika yokuichengeta iri pasi apo. Tichafamba nepamusoro perimwe nerimwe rawo, nokuti Mutyairi wedu Mukuru wengarava ari kudana ari kune rimwe divi.

Takadzimirwa munaJesu, madutu ehupenyu
ndichapfuura nemaari nehushingi;
Ndadzimirwa hoko munaJesu, handitye chero
mhepo kana saisai;

¹⁵⁷ Chingava chiri chii zvacho, regai chiuye. Chingaitika, chichazoitika, hapana kana mutsauko wazvinoita. Isu takadzimirwa chaimo muna Jesu. Kana ndikararama, ndinoraramira kubwinya kwaMwari. Kana ndikafa, ipapo ndinogona kufa ndichiitira kubwinya kwaMwari. Ini—ini—ini ndinoda kungoti...Zviri mukupa kubwinya kuna Mwari, ndizvo zvandinoda kuita. Kana zvose zvapera, handidi kuramba ndakagara zvachose. Ndinoda kuenda uko...kune mubairo wangu waAkanditengera; kwete wandakashandira, asi uyo waAkanditengera, uyo waAkandipa nenyasha dzaKe.

¹⁵⁸ Saka tinoona Chiedza chamanheru chiri pano. Uye zvingabatsirei kuve neChiedza, kana usitomborina maziso okuona kwekufamba uchienda uri maChiri? Chii chinonzi Chiedza chemanheru? Chiedza chinouya, kuzozarura chimwe chinhu. Ndizvozvo here? Kana paine chimwe chinhu *pano*, unochinzwa nokubata asi haunzwisise kuti chii, mudima, zvararo batidza chiedza. Chinozarura! Ko Maraki 4 inoitei? Maona? Inoita zvimwe chetezvo. Ko kuzarurwa kweZvisimbiso Zvinomwe kwaizoitei, apo masangano ose aya anga ari kudzedzereka kwese-kwese mune izvi...?...Iripo kuzarura, kubuditsa pachena. Kana usina maziso, zvino zvinobatsireyi kuzarura? Panofanira kunge paine maziso, kutanga, okuona. Ndizvozvo here? Kuzarura Maraki 4, kuzarura Mutsvene Ruka 17:30, Mutsvene Johane 14:12, zvekare Johane 15:24, 16:13. Zvekare kuzarura Zvakazarurwa 10:1 kusvika 7, kuvhurwa kweZvisimbiso Zvinomwe, neMharidzo yomutumwa

wechinomwe; kuvhura, kuzarura, kana Chiedza chemanheru chauya. Zvino kana munhu. . .

¹⁵⁹ MuZera reRaodhikia, vanhu vaive (vakadini?) “vakashama.” Vakadaro here? “Hupofu.” Ko Chiedza chinobatsirei kune munhu asingaone? Kana bofu rikatungamira rimwe bofu, havawire vose mugoronga here? “Kushama, hupofu, uye vasingazvize.” Kana mashandiro epfungwa dzavo aparara, mashandiro epfungwa dzavo dzepamweya, kunzwisisa kwepamweya. Maona?

“Misoro mikukutu, vanokarira zvepamusoro, vanofarira mufaro wenyika ino kupfuura Mwari; vatyori vesungano, vapomeri venhema, vasingazvidzore, uye vashori veavo vakanaka; vane chimiro chehumwari, asi vachiramba Simba racho.” Simba rechizaruro; havatombotendi machiri. Maona? Havatendi muzvinhu zvakafanana nevaporoifita. Zvino saka havambozvitendi. Vanotenda kuti—kuti Maraki 4 ichange iri inwewo kereke kana rimwewo sanganano.

Paakauya nguva yokutanga, akange ari munhu. Paakazouya rwepiri, aine mugove wakapetwa kaviri, aive munhu. Paakauya ari muchimiro chaJohane muBhabhatidzi, aive munhu. Maona?

Mumazuva okupedzisira, apo panotanga kupenya Zviedza zvamanheru, maziso achavhurika uye uchaona kwauri kuenda. Ipapo Mutumbi wakatumbwa kare, wakamira netsoka dzawo, uchitanga kufamba, uchifambiswa neMweya Mutsvene. Chii? Iye mumwe chete Wacho akafamba pavaporofita vakanyora Bhaibheri, Mweya Mutsvene mumwe chete uri kufamba muMutumbi wakadzwa neMweya Mutsvene, uchifambiswa neMweya Mutsvene, uchibva mumasangano ose, marudzi ose, ndimi, nevanhu.

¹⁶⁰ Mumwe mudzimai muduku pano, haasi wesanganano rino, kana kuti sangano rino. . . ari weunganano ino. Iye anobva kumwewo, zvino auya mangwanani ano, ane mufananidzo ipapo. Anga. . . ndokuupa mwanakomana wangu, uyo abva ashamiswa chaizvo. Handizive kuti akambenge akanzwa pamusoro peiZvi here kana kwete. Handizive. Anga aine mufananidzo weMutumwa waJehovha uyu aive ari pamaZera Manomwe eKereke, Zvisimbiso Zvinomwe zvakazarurwa, kunze uko, pazvakaitika. Ndokuti, ndakatarisa shure naimomo, zvino ndokuona izvo zvakamira mudenga, muchiroto. Zvino akatarisa kumashure naimomo akazviona, akaona mumwe munhu ari muzvichena, achifora achienda mberi; zvino kumashure kwacho, ndokuti zvairatidzika. . . Ndokuti, “Hama Branham, aive imi.” Uye ndokuti, “Makafora muchipinda imomo,” zvikanzi, “kumashure kwenyu, paive nevanhu vaive neruvara rwakasiyana-siyana, vakatakura mireza; Georgia, Alabama, nenzvimbo dzose dzakasiyana-siyana, vachiforera

mberi,” zvichienda mudenga kune musoro apo paive naKristu achizarurwa ari muchiratidzo. O, hareruya!

¹⁶¹ Tiri mumazuva okupedzisira, nemaawa okuguma kwemazuva. MunoMuona here zvino ari Mushoko raKe, uye Shoko raKe rose richiratidzwa ipo pano pamberi pedu? O, Kereke yaMwari anorarama, mirai netsoka dzenyu, Mutendeyi nezvose zviri mamuri. Batirirai kune Vhiri duku riri pakati pevhiri, ngaRitsigise mafambiro ose nekufamba kwese kwaunaita. Pfungwa yese yaunayo, dai yatungamirirwa neNharirire iyi iri mukati mako. Nokuti, Mwari vakagara chaimo mukati meShoko raVo renguva ino, muChiedza chemanheru, vachiratidza Chiedza.

¹⁶² Hupofu hwechiremwaremwa! Unogona kubatidza chiedza, zvino chiremwaremwa—chiremwaremwa chinenge chakatopofomara zvekusagona kubhururuka. Zizi rinochema, zvose zvipuka zvinofamba usiku, nezvimwe zvakadaro, mapete nezvimwe, hazvigone kuona masikati. Hazvizive kuti kwakamboita sei. Hazvione.

Zvino Zviyedza zvevanheru zvabatira. Chirevo chose, kwese kwatinoenda, kuzvisikwa, kuBhaibheri, kune—kune zvimupunzo izvo Merik-...icho chakaonekwa naDhanieri, na—namambo wezuva iroso, vese vakaona; nezvinhu zvose izvi, munhu wose, chimiro chose, mafambiro ose, nzvimbo yose muMutumbi, pamamiriro ezvinhu zvinotonyatsotiratidza zvakakwana nguva yacho yatiri kurarama mairi. Hapana kumwe kupfakanyika kungauye pamusoro pazvo.

Pakave nekufamba kweruoko; rudo, Whisiri. Pakave nekufamba, kwenheyo; Ruther. Rudo, hapana kumbova nechikuru chaidarika; kwainzi kufamba kwaWhisiri. Vakatumira mamishinari kune pasi rose. Kumwe kwekufamba kukurusa kwakaitwa, muzera raive kumashure kwacho.

Zvino kwakazouya zera rePentekosti; zvino kwakauya minwe yakasiya-siyana nezvimwe, zera rePentekosti, rendimi, nemhuno, nezvakadaro.

Iye zvino zvave mumaziso. Ko chii chakanaka chaungadira maziso, kana kuda chiedza, dai maziso ainge asipo ipapo kuti uone? Panofanira kunge paine maziso, kutanga, kuti uone. Zvino ipapo kana izvozvo zvauya, Akavhura Zvisimbiso Zvinomwe ndokubva azarura Chiedza chemanheru, achitora zvakavanzika zvose zvaive zvakavanzwa zvichidzika nemumazera ekereke aya, uye zvino ndokuzvizarura sezvaAkavimbisa kuti achaita muna Zvakazarurwa 10:1 kusvika 7. Tiri pano nhasi takagara pakati peShoko, uye Shoko richizarurwa kwatiri naJesu Kristu. Zvino, *iRi* iShoko raMwari.

¹⁶³ Zvino kuve vanhu vaKe, tinofanira kufamba tiri pedyo neMunyorori, kuti tiRinzwisise, kuitira kuti iro rizarure. “O Ishe, chii chaMungada kwandiri, kuti ndiite? Kuti here ndakafanirwa

kuenda kuminda yekuvhangeri kunoparidza Evhangeri, kana kuti ndinofanira here kugara kumba? Hazvina basa kuti chii zvacho, kana ndichifanira kuva amai vemba vakanaka, kana ndichifanira kuva amai vevana vakanaka, kana ndichifanira kuita *ichi*, *icho*, kana *chimwe*? Zvingave zvii, kana ndichifanira kuva murimi, kana ini. . . Chingava chii, Ishe, Munoda kuti ini ndiiteiko?”

¹⁶⁴ Handizvo zviya here zvachemerwa naSauro zasi paye, “Ishe, Munoda kuti ini ndiiteiko?” Akange ari zasi pachi- . . . ari munzira yake ku—kunoisa kereke yose mujeri. Asi zvino akadanidzira achiti, “Chii chaMunoda kuti ini ndiite?” Apo Chiedza chakabaka, seShongwe huru yeMoto yakaremba pamusoro pake. “Chii chaMunoda kuti ndiite?”

¹⁶⁵ Ndinofunga kuti ishoko rakanaka rokuvhara naro, ndichiti, “Ishe, Munoda kuti ini ndiiteiko? Pandinoona Rugwaro urwu rwuchinyatsozarurwa zvakanakwana iko zvino; Ishe, Munoda kuti ndiiteiko?”

Ngatikotamisei misoro yedu.

¹⁶⁶ Ndinokumbira mumwe nemumwe ari muno kuti munzvere moyo yenyu zvino mobvunza mubvunzo uya, “Ishe, Munoda kuti ini ndiiteiko?” Uye imi vanhu, kana muchiri pawaya dzerunhare kunze uko munyika yose, iwe kotamisa musoro wako uye ubvunze, “Ishe, Munoda kuti ini ndiiteiko? Ndichiona kuti tiri pano mumazuva okupedzisira uye ari maawa okupedzisira, zvakanyatsokwana pamberi pedu, zvakanyatsozarurwa pachena, Munoda kuti ini ndiiteiko?”

¹⁶⁷ Mwari vanodikanwa, pavari kukubvunzai iMi mubvunzo uyu; ndinobvunza, pachangu, kwaMuri, chii chaMunoda kuti ini ndiite, Ishe, sezvandinocherechedza kuti zuva rimwe nerimwe rinofanira kupindurirwa. Zvino ndinonamata kuti Muchandibatsira, Ishe, ndirarama kuti zuva nezuva, zvichazopa kwaMuri ruremekedzo nekubwinya.

Ndinonamata kuti iMi mubatsire mumwe nomumwe wose ari munyika yose, neavo vari pano mutabhanakeri apo tiri kunzvera mwoyo yedu uye tichiti, “Ishe, Munoda kuti ini ndiiteiko? Chii chandingagona kuita, Ishe, kuyendesa mberi Humambo hweNyu pamwe neChinangwa cheNyu?” Zviitei izvi, Mwari.

Tinzverei isu, mwoyo yedu, uye mutiyedze. Kana paine kusarurama hako matiri, Ishe, kana hundini hahwo, zvinangwa hazvo kana vavariro zvakaipa, O Mwari, tichenesei neRopa reMwanakomana weNyu, Jesu Kristu, uyo mukuzvininipisa tinogamuchira kureverera kwaKe kwerufu rwaKe pamwe norumuko rwaKe. Uye nokururamiswa kubudikidza nokutenda kuti Akazviita, tinogamuchira nomufaro zano reruponeso rwaMakatipa, kwatiri.

Baba, tinoKutendai nokuda kweMharidzo yanhasi, zvatinotenda isu nezvatakabaturira kwazviri, kuziva pamwe nokutenda kuti iShoko reNyu neMharidzo yeNyu. Kwete kuti kuve kusiyana nevamwe vanhu, asi kuyedza kuti tinyanye kufanana naJesu Kristu Anova muenzaniso wedu.

¹⁶⁸ Mwari vanodikanwa, tine mahengechepfu akaradzikwa pano, uye kune vanhu vanorwara kwese-kwese. Uye ini pachangu, Ishe, ndaneta pamwe nokurukutika, mangwanani ano. Ndinonamata kuti Mutibatsire isu, Mwari vanodikanwa. Tinotarisisira kwaMuri kuti tiwane simba. Imi ndimi Simba redu. Makabatsira vakawanda, Mwari vanodikanwa.

¹⁶⁹ Rimwe zuva, ndichifunga zvangu ndiri zasi musango muya, ndichifamba hangu naHama Banks Wood, apo vanachiremba . . . Mwoyo wavo waive washata zvikuru zvokuti vaitotadza kunyatsofamba. Zvino kufunga kuti ini . . . zvisomanani zvandaiziva kumusoro ikoko, ndichifamba mumakomo aye shure kwechiratidzo chiya, “Ndinofanira kuwana shumba iyoyo. Ndinofanira kuona shumba iyoyo yauraiwa.”

Zvino ndichidzika kubva ikoko, uye ndakamira uko muTucson, ndiri paFurr’s Cafeteria, ndichiona mbatya dzavo dzose dzakaremba pasi, maziso avo akadonha. Ndokuti, “Mwari, kana iMi makagona kuratidza chiratidzo, chepane shumba, chokwadi Munogona kuratidza chepamusoro peHama Wood.”

Zvino chakabva chauya, “Isa maoko ako pamusoro pavo.”

Zvino hevanoi vari pano nhasi, kumashure, Hama yedu Banks zvakare, vakasimba, vachimhanya kukwira pamwe nokudzika imo mumakomo aye. TinoKutendai zvikuru, Mwari vanodikanwa. Muri Mwari mumwe chete uye kune isu tose sezvamuri iMi kune Hama Wood. Ndinoziva kuti iMi munovada, nokuti ivo muranda weNyu, akatendeka uye akaperera.

¹⁷⁰ Uye ndinonamata, Mwari vanodikanwa, kuti iMi muchashanda nomumwe-nomumwe wedu, uye moregerera zvivi zvedu, uye nokuporesa hurwere hwedu hwemitumbi yedu. Tiiteyi kuti tiwedzere kufanana neMi, zuva nezuva, Ishe, kusvikira tasvika pachimiro chakazara chaJesu Kristu. Zviitei, Ishe. Ndinovimba kuti iMi manzvera mwoyo mumwe nomumwe, zvino, uye tinoziva kuti toita sey. Tinokumbira kuti iMi mutiropafadze zvino, nemuZita raJesu.

¹⁷¹ Uye apo tiine misoro yedu yakakotamiswa, pane mumwe here ari pano, kana kunze mu—munyika yerunhare kwese munyika yose, angangoda kuti, apo pamuri kunamata, nemisoro yenyu yakakotamiswa, chingosimudza ruoko rwako kuna Mwari zvino. Ndzivo chete zvaunogona kuita; makazarisa muno mangwanani ano. Ingosimudza ruoko rwako kuna Mwari, uti, “Mwari, ndiitei kuti ndinyanye kufanana naJesu. Ndi—ndinoda kufanana zvakananyana naJesu.” Mwari vakuropafadzei. Kunze

uko mumatunhu ari munyika yose, maoko angori kwese-kwese, ringori boka guru rakabatana kuita chinhu chimwe chete. Zvekare, rwangu rwakasimudzwa. “Ndinoda kufanana zvakananyanya naYe. Ndinzverei ini, Ishe, uye mutsvage kana muine kuipa mandiri; kubuditsei kunze. Ndi—ndinoda...” Chii? Tiri pano kwenguva, zvisinei tiri kuzoenda kunyange uri... kunyange, hazvinei kuti uri chii, wakapfuma zvakadini, uri murombo zvakadini, uri muduku zvakadini, wakwegura zvakadini.

¹⁷² Ndakamira nezuro kune boka revanhu va—vaduku, varombo vari kumusoro-soro mugomo, zasi kune... pakahova. Paive nekamwe kamhuri kaduku ikoko, murume wandainge ndiri kutaura naye nezvaMwari, kwenguva refu. Ndokudzika zasi, mudzimai wake muduku, vana vanomwe kana vasere; iye, ari akadupuka, akaondoroka, kunze uku achiedza kushanda, tuma dhora tushoma pazuva. Zvino mumwe murume akamutendera kuti agare mune katangwena kaduku. Zvino mudzimai wake kumusoro ikoko, ave pedyo nokugadzirira kuve nomumwe mwana, zvino aive nedemo hombe rakapambama kumusoro ikoko, achitema huni, kuti aidhonzere pasi; mwana ari pahudyu, achidhonza huni norumwe; ndokudzika kunotema huni, kuhodzeka mahabhurosi, kuti vasazofa nenzara munguva yechando. Ini zvangu, takamunzwira hurombo kwazvo! Hama Wood neni takaenda tikatora motokari, tikaenda ikoko tikanomutemera huni, tikadzoka nadzo. Iye, mukadzi mudiki akatanda, akangomira ipapo. Ndakamunzwira tsitsi. Uye takaramba tichivanamatira.

¹⁷³ Zvino kamwana kake kakabva kabatwa netsviyo. Takaenda tikanonamatira kamwana kaduku aka, Mwari vakakapodza. Zvino rimwe zuva, murume wake aive nedambudziko rekutsemuka mukati, zvino ndokuenda mukati... .

Ndainge ndichitaura naye. Aisvuta, vari vaviri. Mukadzi aiputa fodya, nemurume aidarowo, zvakare, maitiro chaiwo evanhu vanogara kumakomo. Zvino ndakaramba ndichitaura navo nezvazvo. Zvino nezuro mangwanani pandakaenda mukati, kwave kuda kuyedza, heunoi ndokuuya achifamba achibuda, akagumbata maoko ake, achibva ati, “Hama Billy, ndave murume akashanduka.” Iye akati, “Ndaputa mudzanga wangu wokupedzisira, zvino ndave uko kudivi raIshe.”

Mukadzi akati, “Ini ndichangoputa wangu wekupedzisirawo, zvakare.”

O, dyara mbeu! “Ini Ishe ndadidiridza. Ndichaidiridza masikati nousiku, pada vamwe vangaibvuta kubva mumaoko aNgu.”

¹⁷⁴ O Mwari, ivai netsitsi zvino, ndinonamata, uye mutipewo zvido zvemwoyo wedu, nokuti mumwoyo yedu tinoda kuKushumirai. Zvino, Baba, vese vari mumaoko eNyu, kwese-

kwese. Ivo vana veNyu. Batsiranai navo maererano netsitsi, Ishe; kwete mukutongwa, asi mutsitsi. Tinokumbira nemuZita raJesu. Amenii.

¹⁷⁵ MunoMuda here? [Ungano inoti, “Amenii.”—Mupepeti.] Nemwoyo wese! Zvino, imi mune mahengechepfu, munogona kuatora.

Uye zvino, shumiro dzedu, ndinofunga kuti dzinokurumidza kutanga, seven o'clock, kana zvimwe zvakada kudaro. Hama Neville vachazvishambadzira, muchinguvana, kuti yotanga nguvai.

Kune rubhabhatidzo here, ndinofungidzira, mangwanani ano? [Hama Neville vanoti, “Mvura yatovemo.”—Mupepeti.] Mvura yavemo, kana paine mumwe munhu ari pano uye asati ambobhabhatidzwa muZita raIshe wedu Jesu Kristu, ko, mazvirokwazvo iyi... Mvura yatovemo yeshumiro yekubhabhatidza.

¹⁷⁶ Tinokoshesa zvikuru hama dzose dzinoshumira. Ndinoona Hama... Shumiro yenyu yainge yakadini, yakafamba zvakana, Hama Parnell? Uye Hama Martin, zvekare, o, vakawanda vavo vari pano, Hama Lee Vayle. O, pangori nevashumiri kwose-kwose munzvimbo ino. Tinokoshesa kuva kwenyu pano, muchiyana nesu paShoko.

¹⁷⁷ Zvimwe haungawirirane neni zvizere pane iZvi; handikukumbire kuti uzviite, munoona. Chinhu chete, ingoZvifungisisa. Zvaunondiudza, ndinozvifungisisa. Kana vashumiri vakatora tepi, ivo voti, “Zvino, ndinopesana nazvo.” Zvose zvakana, hama yangu. Unogona kunge uri mufudzi kune mamwe makwai; iwe—iwe unoadyisa chero zvaunoda.

Ndiri kuedza nekukwanisa kwangu kwese kuti ndirambe ndiri muShoko, kuitira avo vakaiswa mumaoko angu naMwari, nokuti makwai anoda chikafu chemakwai, ndizvozvo. “Makwai angu anonzwa Izwi raNgu.” Uye ndizvo zvatatorarama nazvo, Shoko rose rinobva... Kwete ose... Kwete Shokonje apo nepapo; asi Shoko rose rinobva mumuromo waMwari, ndiro iro vatsvene vanofanirwa kurarama naro.

Ngatisimukei zvino netsoka dzedu. Apo tichikotamisa misoro yedu... .

Zvino Hama Neville, mune zvamunoda kutaura here kwavari? [Hama Neville vanoti, “Kwete.”—Mupepeti.] Hama Mann? Zvakana.

Munhu wese ari kunzwa zvakana? Itai, “Amenii.” [Ungano inoti, “Amenii.”—Mupepeti.] Zvakana.

Zvino ngatikotamisei misoro yedu.

Ndichakumbira Hama Lee Vayle kuti vauye kumusoro kuno, kana vachigona. Kana muchikwanisa kuenda apo, Hama Vayle, kana muchikwanisa.

Hama Vayle ihama yedu pano, munyori wemabhuku. Zvino vari kutogadzirira bhuku racho zvino, *Mazera Manomwe EKereke*, uye vari kushanda ne*Zvisimbiso Zvinomwe*. Isu tinotarisa munguva shomanani kuve nawo abuda nokukasika. Zvakanaka. Hama Lee Vayle.

Mwari vakuropafadzei.



KRISTU ANOZARURWA MUSHOKO RAKE OMENE SHO65-0822M
(Christ Is Revealed In His Own Word)

Mharidzo iyi nehama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo mangwanani, 22 Nyamavhuvhu, 1965, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindwa nokugoverwa neve Voice of God Recordings.

SHONA

©2017 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org